

Milik Departemen P dan K
Tidak diperdagangkan
Untuk umum

Menak Lakat I

R. Ng. Yasadipura I



Direktorat
Kebudayaan

Departemen Pendidikan dan Kebudayaan

copy 2012
m

MENAK LAKAT
I

TANGGAL	NO. BUKU
18 NOV 1984	1349

PPS/Jw/12/81

Milik Dep. P dan K
Tidak diperdagangkan

MENAK LAKAT I

Oleh
R. NG. YASADIPURA I

Alih Aksara
Drs. SUDIBJO Z. HADISUTJIPTO

Departemen Pendidikan dan Kebudayaan
PROYEK PENERBITAN BUKU SASTRA
INDONESIA DAN DAERAH
Jakarta 1982

Diterbitkan seizin PN Balai Pustaka
BP. No. 1251
Hak cipta dilindungi undang-undang

KATA PENGANTAR

Bahagiaalah kita, bangsa Indonesia, bahwa hampir di setiap daerah di seluruh tanah air hingga kini masih tersimpan karya-karya sastra lama, yang pada hakikatnya adalah cagar budaya nasional kita. Kesemuanya itu merupakan tuangan pengalaman jiwa bangsa yang dapat dijadikan sumber penelitian bagi pembinaan dan pengembangan kebudayaan dan ilmu di segala bidang.

Karya sastra lama akan dapat memberikan khazanah ilmu pengetahuan yang beraneka macam ragamnya. Penggalan karya sastra lama yang tersebar di daerah-daerah ini, akan menghasilkan ciri-ciri khas kebudayaan daerah, yang meliputi pula pandangan hidup serta landasan falsafah yang mulia dan tinggi nilainya. Modal semacam itu, yang tersimpan dalam karya-karya sastra daerah, akhirnya akan dapat juga menunjang kekayaan sastra Indonesia pada umumnya.

Pemeliharaan, pembinaan, dan penggalian sastra daerah jelas akan besar sekali bantuannya dalam usaha kita untuk membina kebudayaan nasional pada umumnya, dan pengarahannya pendidikan pada khususnya.

Saling pengertian antardaerah, yang sangat besar artinya bagi pemeliharaan kerukunan hidup antarsuku dan agama, akan dapat tercipta pula, bila sastra-sastra daerah yang termuat dalam karya-karya sastra lama itu, diterjemahkan atau diungkapkan dalam bahasa Indonesia. Dalam taraf pembangunan bangsa dewasa ini manusia-manusia Indonesia sungguh memerlukan sekali warisan rohaniah yang terkandung dalam sastra-sastra daerah itu. Kita yakin bahwa segala sesuatunya yang dapat tergali dari dalamnya tidak hanya akan berguna bagi daerah yang bersangkutan saja, melainkan juga akan dapat bermanfaat bagi seluruh bangsa Indonesia, bahkan lebih dari itu, ia akan dapat menjelma menjadi sumbangan yang khas sifatnya bagi pengembangan sastra dunia.

Sejalan dan seirama dengan pertimbangan tersebut di atas, kami sajikan pada kesempatan ini suatu karya sastra daerah Jawa, yang berasal dari Balai Pustaka, dengan harapan semoga dapat menjadi pengisi dan pelengkap dalam usaha menciptakan minat baca dan apresiasi masyarakat kita terhadap karya sastra, yang masih dirasa sangat terbatas.

Jakarta, 1982

Proyek Penerbitan Buku Sastra
Indonesia dan Daerah

ISINIPUN

1. Wong Agung Dipun Dadosaken Senapati	15
2. Kangjeng Nabi Bidhal Mapagaken Mengsah Dhateng Redi KUT	23
3. Prajurit Arab Campuh Kaliyan Prajurit Lakat	34
4. Raja Lakat Kasmaran Dhateng Golek Tetironipun Putri Medayin	47
5. Kangjeng Nabi Ngedali Prang	54
6. Raja Lakat Ngedali Prang	71
7. Prajurit Lakat Tetumpesan	83
8. Wong Agung Tampi Serat Panantang	94
9. Wadya Arab Campuh Kaliyan Wadya Lakat	103
10. Wong Agung Madosi Patih Ing Lakat	113
11. Raja Lakat Dipun Biyantu Dhateng Raja Jenggi	123

KATA PENDAHULUAN

Buku seri cerita Menak antara lain memuat pula seri cerita Menak Lakat yang terdiri dari tiga jilid. Dalam cerita ini Sang Agung Menak, Jayengrana mendampingi Nabi Muhammad SAW dalam peperangan menaklukkan para musuh Nabi dan sekaligus untuk menyebarkan Agama Islam.

Dalam cerita-cerita Menak sebelumnya sering dijumpai istilah: meng-Islamkan para musuh Sang Menak Jayengrana yang takluk, tunduk, dan diampuni asal bersedia beralih agama, lalu di-Islamkan. Yang dimaksud bukanlah Agama Islam yang dibawa oleh Nabi Muhammad SAW, melainkan Agama Nabi Ibrahim yang merupakan pendahulu agama yang kemudian diajarkan dan disebarluaskan oleh Nabi Muhammad SAW beserta para Sahabat atau Khalifahnyanya.

Cerita dimulai dengan adanya peperangan antara Negara Madinah, negara Nabi Muhammad SAW dan Negara Lakat yang dirajai oleh Raja Dawilkusen. Negara Lakat adalah negara besar dan kuat, tidak mudah ditaklukkan. Wadya balanya sangat banyak sekali, diceritakan sampai berwendra-wendra, bahkan bermurdamurda. Yang disebut dengan kata wendra ialah bilangan sebanyak sepuluh juta, sedangkan istilah murda menyatakan bilangan sebanyak seratus juta. Di dalam bahasa Jawa memang lebih banyak kata-kata tersendiri yang menyatakan bilangan kelipatan sepuluh. Sepuluh lipat sepuluh istilahnya seratus; ratus dikalikan sepuluh, menjadi ribu-ribu dikalikan sepuluh menjadi laksa (puluh ribu). Laksa dikalikan sepuluh menjadi keti (ratus ribu), dan keti kali sepuluh adalah yuta (juta). Yuta kali sepuluh disebut wendra (sepuluh juta); wendra kali sepuluh hasilnya murda (ratus juta), dan murda kali sepuluh disebut kirna (ribu juta atau milyar).

Kalau di dalam peperangan antara Madinah dan Lakat, sering disebut bahwa wadya bala Negara Lakat yang maju perang ber-wendra atau bermurda, jadi berpuluh juta bahkan beratus juta, para pembaca yang budiman jangan lekas berkata, bohong atau tidak mungkin, karena seluruh penduduk semua negara yang diceritakan dalam cerita Menak pada waktu itu, belum sampai seratus juta banyaknya, apalagi beratus juta tentara itu sudah terang bohong. Itu memang benar, namun penggubah cerita bukanlah bermaksud membohongi.

Dengan jumlah yang berlimpah itu hanya dimaksud untuk menyatakan jumlah yang sangat besar-tentu untuk waktu itu juga. "Cara sangat berlebih-lebihan" dalam menyatakan sesuatu itu lazim dalam sastra Jawa pada waktu itu. Misalnya untuk kekuatan dan keperkasaan seorang pahlawan yang hebat sekali, untuk menyatakan kekayaan atau harta benda yang besar berlimpah ruah, dapat dikatakan = sekali tebas dengan pedang, enam puluh orang musuh terpenggal lehernya, atau intan permata yang beratus karung banyaknya. Atau untuk pertumpahan darah yang banyak, dikatakan banjir darah hingga sampai lutut dan seterusnya. Itu semuanya hanya untuk menyatakan betapa perkasanya sang pahlawan, betapa kayanya sang raja, betapa hebatnya pertempuran, dan seterusnya. Ini merupakan gaya sastra pada zaman itu.

Dalam peperangan ini wadya bala Madinah dipimpin sendiri oleh Nabi Muhammad SAW, dan dalam permusyawaratan, yang dipilih sebagai panglima perangnya ialah Sang Agung Menak Jayengrana, yaitu paman Nabi Muhammad SAW. Sang Agung Menak yang telah tersohor kesaktian serta keunggulannya dalam semua peperangan sebelumnya, walaupun sudah berusia lanjut, bersedia untuk memimpin tentara Kerajaan Madinah. Seluruh tentara dipimpin menuju ke Gunung Kud yang akan merupakan medan pertempuran. Pun wadya bala Negara Lakat dikerahkan ke medan perang. Kedua belah pihak kemudian mendirikan perkemahan seperlunya di dekat gunung tersebut.

Raja Lakat sebenarnya belum mengetahui, datangnya Nabi Muhammad SAW beserta wadya balanya ke Lakat itu, apakah hendak

tunduk dan menghaturkan upeti bulu bakti kepada Raja Lakat, atau mau melawan Negara Lakat yang termasyhur sentosanya itu. Anggapan Patih Lakat dan Sang Raja, tentu mereka itu datang untuk takluk, sebab Negara Madinah kecil, rakyat dan rajanya miskin, tidak sekuat dan sekaya Negara Lakat.

Untuk kepastiannya, Sang Raja Lakat mengirimkan utusan ke perkemahan Arab untuk mengetahuinya. Utusan mendapat jawaban bahwa tentara Madinah datang untuk menaklukkan Negara Lakat, bahkan diberitahukan bahwa panglima perang wadya bala Arab ialah Sang Agung Menak Jayengdimurti yang sudah tersohor di mana-mana.

Maka terjadilah peperangan hebat antara Madinah dan Lakat. Dari pihak Lakat yang disuruh maju lebih dulu ialah Raja Ngrujani. Ramai sekali jalannya peperangan; desak-mendesak, saling membrondong dengan senjata api, ada pula yang bertempur orang lawan orang, ada yang mengendarai bermacam binatang tunggangan, hingga banyak sekali wadya di kedua belah pihak yang tewas. Akhirnya berkat kesaktian panglima perang wadya bala Arab, Sang Amir Ambyah, yang juga disebut Sang Agung Menak Jayengrana (Orang Agung yang selalu Jaya dalam Perang), tentara Ngrujani dapat ditumpas habis-habisan.

Sementara itu Patih Baktiar, patih Negara Lakat yang ingin berkuasa penuh di negaranya, memuat patung permaisuri Raja Lakat, dikirimkan ke pasanggrahan Sang Raja, pura-pura untuk agak melipur Sang Raja, namun maksudnya agar dengan kerinduan terhadap istrinya, semangat Sang Raja melemah, kalah dalam perang tanding, dan Patih Bahtiar dapat menguasai Negara Lakat. Usahnya mula-mula memang berhasil; bukan main rasa rindu Sang Raja kepada istrinya yang cantik tetapi yang kini harus berpisah.

Akan tetapi setelah mendengar kabar dari medan perang bahwa Raja Ngrujani ditumpas oleh wadya bala Arab, bukan kepalang amarahnya dan segera memberi perintah menyiapkan tentara Lakat untuk maju perang. Pihak Arab pun bersiap siaga untuk menggempur tentara Lakat. Dari pihak Arab yang mula-mula maju ke medan laga ialah Nabi Muhammad SAW sendiri didam-

pingi dan dibantu oleh para sahabatnya, Abas, Abu Bakar, Umar, Usman, dan lain-lain. Ali, yang masih kemanakan dan menantu Nabi Muhammad SAW tidak ikut dalam peperangan karena sedang menderita sakit. Sang Amir Ambyah yang mengatur barisan dan tata perangnya, sekaligus memimpin barisannya dari salah satu sudut.

Peperangan menjadi makin hebat dan berlangsung dengan dahsyatnya. Banyak raja Lakat yang tewas dan wadya balanya tertumpas habis.

Mendengar berita kekalahan itu Sang Raja Lakat makin tak tertahan nafsu dan amarahnya. Akhirnya ia hendak memimpin sendiri bala tentaranya maju ke medan perang.

Sementara itu Patih Bardanas dari Lakat mengirimkan surat tantangan kepada Sang Agung Menak agar bersedia berperang tetapi jangan dengan maju mundur. Surat tersebut bernada agak mengejek dan menyindir Sang Amir. Mendengar isi surat tantangan itu, Sang Amir Ambyah pun tak dapat menahan amarahnya; dilarai-larai oleh para sahabat, namun tetap bermaksud untuk mencari Patih Bardanas hingga bertemu.

Sementara itu peperangan pun makin menghebat. Sang Raja Lakat mengumpulkan segenap kekuatannya, bermaksud menggempur habis-habisan tentara Arab. Perang makin menghebat dan makin dahsyat, banyak sekali wadya di kedua belah pihak yang tewas, mayat bertumpuk, darah sangat banyak mengalir, perang belum juga berakhir dengan kemenangan satu pihak.

Sementara itu Sang Agung Menak tetap mencari Patih Lakat yang bernama Bardanas. Dicarinya ke mana-mana, namun Sang Patih tidak ditemukan. Sebab sementara itu Sang Patih dengan para istrinya yang dengan pakaian laki-laki selalu ikut serta dengan suaminya, menyamar dan bercampur dengan wadya bala biasa. Salah seorang punggawanya disuruh menyamar sebagai Sang Patih dengan segala upacaranya.

Mengira bahwa orang itu Patih Bardanas, Sang Menak segera menyerangnya, dan sekali tebas dengan pedang, habislah riwayat penyamar Bardanas tersebut.

Melihat keadaan yang gawat itu, Patih Bardanas lari bertunggang

langgang entah ke mana tujuannya, diikuti oleh beberapa istrinya yang belum tewas di tengah-tengah peperangan.

Perang campuh antara wadya Madinah dan Lakat berlangsung terus dengan dahsyatnya. Atas ketangkasan dan kesaktian para sahabat Nabi dan tentu atas keperwiraan Sang Menak, bala tentara Lakat dapat didesak hingga kocar-kacir, berlarian tanpa arah dan banyak sekali yang tewas.

Di waktu malam sedang Sang Raja Lakat ada di dalam pasanggrahannya, datanglah syaitan yang menyamar sebagai pendeta. Ia menjanjikan akan memberi bantuan untuk menewaskan Sang Amir Ambyah, panglima tentara Arab. Bantuan itu akan diberikan melalui Raja Jenggi, yang walaupun rupanya jelek seperti anjing, kesaktiannya tiada tanding. Raja itulah yang akan dapat mengalahkan Sang Agung Menak Jayengrana.

1. WONG AGUNG DIPUN DADOSAKEN SENAPATI

SINOM

1. Maksih sinewa Sri Nata
angrembag kang senapati
matur Sayid Abubakar
kados pundi karsa Nabi
wonten kang den remeni
pinilih dening wadya gung
kepalang sanget gerah
punika kasaning Widhi
tuwan kinen ngatos-atos dennya aprang.
2. Kedah ngagem turing kathah
sampun tinambah Hyang Widhi
yen wonten andhaping lampah
wiwitan sing senapati
yogi tinantun malih
sakabat lan para ratu
miwah prajurit leksan
yen marengi karseng Gusti
amba lawan Ngumar Ngusman undhang-undhang
3. Nulya sampun kaleksanan
mundur Abubakar Sidik
kalawan Bagendha Ngumar
Ngusman sami angideri
parentah gunging mukmin
sinten kang dadya panuju
pinasthi tinurutan
prakoswa ugering jurit
nedya wonten padudon ugering kathah.
4. Wus amider tri sakabat
angadeg ngarsaning Nabi
sareng aturing pra nata

sakabat bala prajurit
yen marengi Jeng Gusti
aluwung sang Jayengsatru
sabab wus tau tatalan
kaloka prajurit luwih
patut dadya senapatine wong Islam.

5. Wus dadya ingkang pirembag
temtu Ambyah ingkang dadi
Jeng Nabi lumiring karsa
tri sakabat wangsul sami
ngandika Kangjeng Nabi
lah Bilal sira den gupuh
aturana jeng paman
sarta pamintaning dasih
wus umesat sang Bilal saking ing ngarsa.
6. Datan kawarna ing marga
wus cundhuk lan Bagendha Mir
purwa madya wusananya
wus ingaturaken sami
gupuh Bagendha Amir
nuju sineba pra ratu
miwah para prawira
wus mangkat sabala ngiring
cecongklangan tan dangu wus prapteng ngarsa.
7. Tedhak saking ing turangga
sigra denira lumaris
Jeng Nabi asrep ing driya
miyat ingkang paman prapti
yata Bagendha Amir
kendel ngandhaping bebatur
wusing ngacaran minggah
tundhuk ngarsaning Jeng Nabi
sesalaman ingajak jajar lenggahnya.
8. Ngandika Jeng Nabiyullah

paman ywa dados kang galih
nuwun atur ingkang paman
gya nyundhul atur Jeng Amir
punapa wonten kardi
animbali gupuh-gupuh
Kangjeng Nabi ngandika
jarwa karsaning Hyang Widhi
winiwitan ing purwa madya wusana.

9. Pan ing saniskaranira
pratingkahe Jabarail
umatur Bagendha Ambyah
wangsul karsa Tuwan Gusti
ngandika Kangjeng Nabi
paman prakawis kang mungsuh
mangsa boronga paman
sarta pamintaning dasih
jengandika dadosa ugering aprang
10. Senapatining ngayuda
Paman kang amba pasrahi
ngrekakaken pra sakabat
pranata punggawa mantri
miwah para prajurit
Paman pramugarinipun
punika marmanira
Paman kawula aturi
Sayid Ambyah duk myarsa sabdaning Nabya.
11. Esmu seseg aturira
salira amulu getih
sampun pecak kinen aprang
sanadyan tumekeng pati
malbeng samodra agni
datan lenggana pukulun
tan darbe atur kathah
sakarsa paduka Gusti
kang sumewa samya enggar manahira.

12. Sadaya samya mredapa
lenggahira kang anangkil
jumeneng Jeng Nabiullah
sarwi amingkis kulambi
suka denira angling
Jeng Gusti Bagindha Rasul
yen maksih paman Ambyah
sapa mungsuhingsun jurit
tak kilani sajagat mangsa waniya.
13. Anaa sayuta ngarsa
tangkepa sakethi sisih
ratu kang sudibya ing prang
sok masiha Paman Amir
suka wadya kang nangkil
myarsa sabdane Jeng Rasul
sabaya ngatas karsa
saking panuwune dasih
gya parentah Jeng Nabi siyaga ing prang.
14. Nulya sampun aluwaran
pra samya pradandan jurit
manahing wadya gembira
kang saweneh ana angling
besuk kalakon ugi
angango kethu sagenuk
tur bludru sesongketan
kulambi jubah cuwini
inten gedhe sun gawe menur gamparan.
15. Ana kaum siji ngucap
tan liya ingkang sunpikir
amung tempuhing prakara
manira arsa niteni
kang jireh lan kang wani
sun nonton ana ing gubuk
yen ana wong ngucira

sun surake saking wuri
lamun tiwas randhane pesthi sun alap.

16. Kang saweneh anangucap
sang raja Lakat asugih
sugih garwa sugih donya
intene sakendhi-kendhi
mirah padha ndhas sapi
dinare cilik sasumur
besuk yen Lakat bedhah
sun dhencenge garwa aji
jamah amat nora susah tingkah kalal.
17. Saweneh nambungi ngucap
iku ujare kang becik
mimise tan sira rembag
wong wadon den pangarahi
titenana ing benjing
yen sira tansah takabur
durung tanpa jarahan
sira den patah babahi
dening mimis gedhene sajun padasan.
18. Nulya sampun pradandanan
saguning kang arsa jurit
pepak kang para sakabat
pranata punggawa mantri
wonten ing pancaniti
samarga-marga supenuh
arenyep-renyep raras
gebyare lir kilat thathit
bala kuswa budhal kang dadya pangarsa.
19. Titihanira Jeng Nabya
sampun binusanan asri
hastha kathahing turangga
abra kebak retina adi
gumyar citraning manik

blerengi lamun dinulu
sunat wong sabilollah
sanega busana adi
lamun sabil minangka salawatira.

20. Sadaya tan ngetang karam
panganggone wong ajurit
dadya wajibing satriya
busana retna mas manik
pepaesnya ingudi
jwala luhuring pasemun
sok ajamu sabiyat
mirib panganggone kafir
yekti wenang satutugireng sumbaga.
21. Kudanira Jeng Muhamad
tur nate ingagem jurit
gung-agung candanging raga
pada wadanane ngenting
amawi nama sami
pun Mashur ulese dhawuk
tutul pan kaduk kresna
malih kudane Jeng Nabi
kang satunggal gula geseng ran Majujah.
22. Kang satunggal ran Pretama
ingaranan kuda jenggi
cemeng ulese turangga
galak purun nahut jalmi
satunggalira malih
kuda suku pancal telu
ulesira dhawuk bang
pun Sakrip raning turanggi
lawan malih titihannya Jeng Nabi.
23. Kang satunggal mulus pethak
aran pun Simbar kang wajik
bubat memet ngandhan-andhan

tandange lir wong angrangin
malih ran pun Raruji
nenggih bopong ulesipun
malih ingkang turangga
suka panggung wangsi warih
geng aluhur Samadik ing aranira.

24. Tur kuda anyangga wawrat
tigang dasa ewu kati
langkung santosaning kuda
berawa solahing wajik
satunggalira malih
kudanira Gusti Rasul
kang saking ardi Karam
angsale kuda ing nguni
pan punika kang kuda setra sekawan.
25. Ijo ulesing turangga
siyung panjang angajrihi
wulu memak tuwa panjang
tibeng jengku ponang suri
aran It Hatulkarbi
warnanen ageming Rasul
nenggih paris malela
sinarasah ing mas adi
jembarira nenggih sahasta sakilan.
26. Malih ageming sanjata
bisa muni ping sakethi
amung ngisenan sapisan
Jeng Nabi yen arsa jurit
lan kudanira sami
sinupit panah sadarum
gandhewa saking swarga
kalamun ingagem jurit
yen ginedheg sapisan panah lir jawah.
27. Apan akanthi mukjijat

sapangrehira Jeng Nabi
istiyar kalamun aprang
nyalangi durunging pasthi
ngagem kere respati
kang aran alam jabarut
songsong tengeran aprang
sakembaran amerapit
Amarkaba sakembaran tunggul retna.

28. Jeng Nabi sampun sanega
ngrasuk sikeping ajurit
wus ngajengaken turangga
kuda kang aran Samadik
obah prawira jawi
kang pancen grebeg ing Rasul
asikep paris pedhang
sanjata tlempak lan biring
lan sagunging sakabat kang besar-besar.

2. KANGJENG NABI BIDHAL MAPAGAKEN MENGSAH DHATENG REDI KHUT

DHANDHANGGULA

1. Sampun miyos Jeng Murtining Manis
myang gumuruh swaraning kang bala
asri tinon gagamane
surem baskara mendhung
geter pater galudhug muni
asrang thathit liweran
gebyar-gebyar santun
pracihna kekasihing Hyang
Kangjeng Nabi yen kala umangsah jurit
amawi gara-gara.
2. Pangarsanya wadya kang lumaris
sampun dangu ing antawisira
lawan Jeng Nabi tindake
ingarsa bakda subuh
Kangjeng Nabi surya tumiling
duk budhal saking pura
de wadya kang pungkur
dahute bakdaning asar
asri selur busana mawarni-warni
kadya puspa ngudyana.
3. Cucuking ngarsa Bagendha Amir
tur kang dadya gununganing lampah
anindhihi para katwange
miwah prajuritipun
peperangan kang para aji
tan kawor tatanira
myang busananipun
sapantha-pantha asinang
limrangtara retna mas manik

mangrenyet-renyet raras.

4. Pra sakabat kang kinanthi Amir
Mangawiyah Kasim lan Musahat
Hidayat Fakur malihe
Kasah Umiyah Sahut
Kasat samya prawireng jurit
bekta sawadyanira
pan sajuru-juru
nulya Sayidina Ambyah
apratistha kinare wadya prajurit
menggep aneng turangga.
5. Kalisahak arane kang wajik
binusanan abra sarya rukma
ginuntang-guntang retna byor
ules dhawuk abagus
animbangi karsaning gusti
sampun kinudang-kudang
tembe ngakiripun
asareng sabaya pejah
kudanira andhungan kang aneng ngarsi
galan aran pun Dikbya.
6. Wayahira Jeng Bagendha Amir
ing kang nama Seh Sahid punika
datan tumut ing palugon
dene ta maksih timur
kantun aneng Madinah nagri
ya ta Jeng Sayid Ambyah
wadyane asantun
prajurite sura-sura
tau tatal tandhinge jitus lan kapid
padha tau anyengka.
7. Sinambungan Ngusman aneng wuri
anindhihi sakuswa pranata
sarerehanira dhewe

sabusanane santun
datan awor tataning dasih
saperang-perang raras
pan sajuru-juru
gendera awarna-warna
aprathistha Ngusman Amirul Mukminin
menggep aneng turangga.

8. Ginarebeg ing wadya prajurit
sinambungan Sayidina Ngumar
nindhihi sarerehane
sakabat dulur selur
para nata dinulu asri
busana perang-perang
tan kawor ing ngeni
abra jwalaning busana
prajurite Ngumar sikep gada bindi
saweneh paris pedhang.
9. Sura-sura sudira ing westhi
prajurite pilihan nungsa rat
ngajrihi sabusanane
Bagendha Ngumar mungguh
awandannya turangga jenggi
gadanira neng kanan
wrat sadasa ewu
kati sinerasah ing mas
sinered ing panggrit tanpa ngirid wajik
miwah saparisira.
10. Ginarebeg ing wadya pan asri
nulya tindakira Jeng Muhammad
kinare-kare wadya keh
miwah kang para ratu
pra sakabat ing kanan kering
prajurit munggen ngarsa
busana bra murub

kapalane pra sakabat
warna-warna bandera tutunggul asri
aciri ayat Qur'an.

11. Aprathistha Jeng Murtining Bumi
nitih kuda Samadik ranira
kuda andhungan ngarsane
sabat kekasih Rasul
samy mungging kanan kering
abra awarna-warna
sri busananipun
jajar kapering ing wuntat
Kangjeng Nabi sinongsongan mega putih
tuhu kakasihing Hyang.
12. Abubakar datan kena tebih
ananduki ing sakarsanira
amisah lawan wadyane
wadya lumakweng pungkur
datan owah tataning baris
ing sarehanira
sakabat myang ratu
myang rerehannya murtala
para nata sakabat nunggil ing baris
lan rerehan Bubakar.
13. Wingking pisan lampahing wadya lit
kang pipikul wah momotan unta
sapi senuk momot kabeh
ambekta sangu-sangu
myang dandanan praboting jurit
neng marga pirang-pirang
lampahase aselur
kang ngreres pakathik dharat
tanpa wilang lir pendah sela blekithi
ambubul saking kisma.
14. Ngabas ingkang nindhihi ing wuri

sakathahing rerepoting lampah
Ngabas langkung prayitnane
ihtiyar budinipun
angrawuhi wadya kang alit
ndedel rikating lampah
Ngabas kang tinuduh
Japar Sidik kanthinira
lan Ngadimah dados titindhing ing wingking
saha bala prayitna.

15. Cinarita tindake Jeng Nabi
aneng marga dennya masanggrahan
datan rekasa wadyane
yen lerep dennya wektu
sawusira bakda lumaris
lamun amasanggrahan
Jeng Bagendha Rasul
wayahe surya gumlewang
lamun mangkat bakda wektu ingkang wanci
saben-saben mangkana.
16. Sawancine masanggrahan sami
siyung wenara dinulu wiyat
wadya adan pirantine
miwah panjeran tunggul
lambat-lambat dinulu asri
lamine wus tri candra
denya aneng ngenu
samana pan sampun prapta
antarane ing gunung Kut Kangjeng Nabi
saumat bala Islam.
17. Pembarisan dinulu geng asri
pasanggrahan sampun rakit kitha
akubeng kang pambetenge
saguning para ratu
amarapit amagersari

sadaya rakit kitha
pasanggrahanipun
sinungsun sanjata lanang
pantha-pantha wadya geng alit pan sami
aneng jro pambitingan.

18. Apan sampun manjer tunggul putih
lan manara langkung denny wiyat
pan asri tinon rakite
keblat kilen neng gunung
pambarisanira wong Mukmin
banjeng-banjeng akapang
kepara mangidul
pambarisane wong Kopar
kidul wetan kalawan keblating ardi
tunggulnya binacingah.
19. Kawarnaa ing Lakat narpati
siyang dalu tansah akasukan
pan angrangin gamelane
mriyem pating jalegur
sinauran mriyeming mukmin
gumleger angumandhang
kagyat sang aprabu
wus nyaná yen mengsah prapta
gya andangu mring sagunge para aji
miwah Patih Bardanas.
20. Gya kasar wong pacalang prapti
utusanira sang Raja Bandar
nembah umatur ing katong
dhapur amba ingutus
mring pun dasih Bandar narpati
Muhamad sampun prapta
baris kilen gunung
lampahan sadina ngatag
pambarisanira lan beteng narpati

dene betenging Bandar.

21. Tebihira lan betenging Mukmin
mung lampahan gusti sadasa jam
ing mangke sumangga rajeng
Bandar punapa magut
lan punapa bedhahing biting
sumangga padukendra
Sri Narendra muwus
paran Bardanas karsanta
apekrara si Mukmin iku wus prapti
rehira Raja Bandar.
22. Matur Patih Bardanas ngabekti
yen marengi gusti karsa tuwan
ngamungna pun Bandar dhewe
lawan sakancanipun
para raja kang nunggil biting
kinen anduga-duga
ing pamapagipun
pasrahna mring Raja Bandar
kalih dene dereng katenan wong Mukmin
estu purun ing aprang.
23. Sri Narendra langkung angrojongi
punang duta sampun ingangsulan
wus mesat sing ngarsa rajeng
nulya Sri Kusen prabu
tansah gunem lan kyana patih
Bardanas kinen nduga
nduga aturipun
gusti pandugi kawula
pun Muhamad badhe atur bulu bekti
sowan dhumateng tuwan.
24. Gusti sabab anglangkungi miskin
pesthi boten purun mring paduka
pun pikir alit manahe

gumujeng Sang Aprabu
sarta latah atutup lathi
ya bener aturira
budine wong kaum
trima mangan sapulukan
mangsa uga waniya ngalabuhi pati
matur nuwun Bardanas.

25. Pan sinambi nginum Sri Bupati
lan sagunge kang para sumewa
umyang gumuruh swarane
mriyem pating jalegur
barung lawan predangga muni
Sang Nata angandika
Barak putraningsun
lan sira Malikulkanjar
sira apa wani sundu lawan Mukmin
myang sagung para nata.
26. Sareng matur putra Barak kapis
amba lamun ingaben lan Islam
mundura sajangkah bae
suka amba ingejur
cinacaha sabiting-biting
linaweda lir kisma
upami ngong lampus
kinaryaa mimis obàt
jroning pejah amba ajrih lan wong Mukmin
sarta ambanting dhasar.
27. Pangagenge para raja kapis
sakawan nama Kusturbardiyar
lan Pristalbilar kalihe
Mudaskur tiganipun
catur Raja Tarbikuskadir
sadaya majeng ngarsa
matur mingut-mingut

sarwi ngundha-undha gada
sampun susah pukulun aprang pribadi
yen amba dereng pejah.

28. Yen ta wonten dhawuhing Sang Aji
kados sampun bedhah ing Madinah
estrine sun boyong kabeh
sun bekta wonge kakung
gya ngumbulken kang gada wesi
muluk tumibeng jaja
wentisira murub
kadi waja ginurenda
nulya main gada sakawan para ji
wratira nyewu katya.
29. Sarta barung kang gamelan muni
beksa gada catur para raja
genti mupuh pan arame
lir gajah bareng ngamuk
tandangira ngajrihi sami
ebat sagung tumingal
suka Sang Aprabu
ya ta sampun luluwaran
dyan warnanen Raja Pecalang ing biting
kang nama Prabu Bandar.
30. Sanjata geng atansah rinakit
baris aglar ngarsa pambitingan
kumlap kumitir tunggule
catur pra raja kumpul
nunggil biting samya anggusti
kasaru duta prapta
kang sowan Sang Prabu
putusan denira jarwa
sang Sri Bandar kalangkung emeng ing galih
denyarsa gitik Islam.
31. Dene durung wrin uruting baris

durung wikan mring andeling aprang
miwah ing sagagamane
nulya nimbali gupuh
andel aran pun Budaljenggi
lawan Iskulsujarak
prapta ngarsa prabu
ngandika sang Raja Bandar
lumakua sira mring barisan Mukmin
temu lawan Muhamad.

32. Takonana praptane abaris
apa arsa nungkul mring Sri Lakat
aparsa mapag yudane
lan sapa andelipun
pira kehe ingkang prajurit
kalamun wani aprang
besuk yen apupuh
sapa senapatinira
lamun takon ing sira tutura sami
saniskaraning Lakat.
33. Gya manembah mesat duta kalih
dhasar sura andel tau tatal
asasanderan lakune
jujug bitinganipun
Amir Ambyah Wiradimurti
kagyat kang jaga lawang
duta kalih rawuh
gya ngepung prajurit Islam
duta kalih sarambut manah tan gigrig
tansah manggung neng kuda.
34. Sarya ngucap aja salah kardi
ingsun iki darma wong dinuta
pangedhe sapa arane
mangsuli kang kinepung
iya gusti Bagendha Amir

senapatining yuda
Menak Jayengsatru
ugering prajurit Islam
kang jujuluk Jeng Sultan Jayadimurti
Kelana Ajayeng Prang.

3. PRAJURIT ARAB CAMPUH KALIYAN PRAJURIT LAKAT

PANGKUR

1. Ing pungkur sapa kang duta
lawan sira sapa ranmu prajurit
kang duta mangsuli wuwus
ingsun utusanira
Raja Bandar pacalange Lakat prabu
Budaljenggi araning wang
Iskul Sujarak raneki.
2. Kinen temu lan Muhiamad
endi pambitinganira kang baris
wong Islam mangsuli wuwus
tengah sanggrahanira
luwih jero angel yen sira kudu wruh
arsa laju punang duta
mring pakuwonira Nabi.
3. Ngadhangi prajurit Islam
sarwi ngucap lah mandhega wong kapid
kang duta nabda wor bendu
nora kinongkon ingwang
mring gustimu yekti kinongkon mring Rasul
sira arsa paripeksa
sayekti ingsun tan wedi.
4. Wonten prajurit satunggal
dhasar sura tuhu seret kang kulit
mrepegi nyandhak kedhangsul
sira kuda utusan
Budhaljenggi gya tinarik pedhangipun
kang nyepeng kuda pinedhang
saking luhuring turangga.

5. Tinampanan asta kiwa
dangu sendhal-sinendhal samya ngungkih
gya wonten pisepuhipun
wong Islam jaga lawang
nulya atur uninga Sang Jayengsatru
prapteng ngarsa atur sembah
sasolahira wus ngenting.
6. Ngandika Bagendha Ambyah
lah ta mara iriden ngarsa mami
tanggungen bilahinipun
mengko ingsun kang nggawa
ngirid panggih kalawan Bagendha Rasul
kang sinung sabda wus mentar
cundhuk lan utusan kapir.
7. Dhawuhken sabdaning Ambyah
punang duta sampun lega kang ati
tumrun sing turangginipun
marak mring Amir Ambyah
prapteng ngarsa kang duta kalih andheku
Bagendha Ambyah ngandika
matur kang duta wot sari.
8. Ing sasaniskaranira
tansah mesem wau Bagendha Amir
gya ngrumiyinaken laku
tur mring mring Jeng Muhamad
yen kang paman mangke yun sumiweng ngayun
sarya nganthi duta Kopar
caraka umesat aglis.
9. Prapta pasanggrahanira
Kangjeng Rasul duta wus prapteng ngarsi
sakaryanira wus katur
Jeng Nabi gya parentah
pra sakabat kinen nyiluman sadarum
kang paman sampun ngandikan

- lan duta kapir wus prapti.
10. Caraka sujud neng ngarsa
sirahira sumungkem aneng siti
wus kinen ngangkat gya lungguh
matur saha wot sekar
lampah amba ingutus dhateng Sang Prabu
Bandar Sri Narendra Ngujam
andeling Lakat narpati.
 11. Dawil Kusen mahambara
kang pinuji- puji isining bumi
anratoni jagad punjul
sinembah para raja
lampah amba ingutus dhateng Sang Prabu
tataken dhateng tuwan
punapa karsane prapti.
 12. Punaparsa magut ing prang
punaparsa nungkul tur bulu bekti
yen tuwan sumedya purun
nglawani magut ing prang
pinten tuwan prajurit andeling kewuh
lawan sinten namanira
ing kang dados senapati.
 13. Mesem Jeng Nabi ngandika
praptaningsun arsa amapag jurit
dene kehe wadyaningsun
kawengku ing Pangeran
andelingsun ngandel karsaning Hyang Agung
senapatining ngayuda
paman Sayidina Amir.
 14. Nambungi Bagendha Ambyah
awasena ingsun kang aran Amir
pramugarine prang pupuh
lah priye laklat Kopar

iya apa nora pangling marang ingsun
besuk tempuh ngadilaga
umatur pun Budaljenggi.

15. Gusti pan sampun waspada
mboten pangling benjang tempuhing jurit
Jeng Gusti Rasul lon muwus
pira kehe wong Kopar
Jenggi matur gusti tan kencing ingetung
sun dugi-dugi kewala
wonten rolas yuta kethi.
16. Sewu tri atus pra raja
sadayane digdaya ing ajurit
amba tan saged angetung
prajurite pra nata
gusti amba piyambak gusti sang prabu
prajurit kalih yuta
dhome andele kang luwih.
17. Jeng Nabiullah ngandika
sira iku wong apa laknat kapir
pun Budaljenggi umatur
amba wong jaga duta
pan kawula anenggih luluwihpun
ngrehken wong kang samya Kopar
pun Sujak sorsoran mami.
18. Amba umatur ing tuwan
dene tuwan kalangkung denny misikin
dene tuwan teka purun
mapag yudane Lakat
awit dene punapa gen tuwan purun
ngandika Jeng Nabiullah
awit parintahing Widhi.
19. Lah uwis sira muliha
punang duta nulya umatur malih

dhumateng Sang Jayengsatru
tuwan benjing punapa
amedali payudan Sang Jayengsatru
ngandika sakarepira
si kapir ingsun ladeni.

20. Umatur dutaning Kopar
amba tuwan ngong tandha ing jurit
singa kang sumedya magut
ngungelken kang sanjata
kang anglela yen mengsah nauri purun
yen mengsah dhedhep kewala
pesthi tan purun medali.
21. Abiluk wekasan seba
sampun wonten tumbak tumbuh ing jurit
ngandika Sang Jayengpupuh
iya sakarepira
sun timbangi tan niat cidra ing pupuh
dudu watake wong Islam
prang dhumateng cidra ing janji.
22. Punang duta gya umesat
sasanderan datan kawarneng margi
wus cundhuk lan gustinipun
matur sasolahira
ingkang purwa ing madya apan wus katur
suka gumuyu Sri Bandar
ginoyang-goyang kang wentis.
23. Gya uluk-uluk sanjata
gumaleger kadya ngobahna bumi
yata sinauran sampun
sanjatane wong Islam
gumaleger kadya ngobahna gunung
sampun sami predandanan
tengara medali jurit.

24. Gumuruh swaraning bala
wadya ngrunyp papan ajengnya baris
ingkang lor notog ing gunung
ingkang kidul balabar
tindhira samya papatihing ratu
tunggul lalayu bandera
kasrang ing angin kumitir.
25. Gya majeng barise Islam
asri tinon busana warni-warni
tunggul bandera lalayu
kadya lengkaweng teja
titindhihe wong Islam Humiyah Sahut
kalawan Sang Mungawiyah
lan Maktal papatih Amir.
26. Wanci sangandhaping asar
ajengira wong Islam lan wong kapir
wong mukmin panyiptanipun
umangsah api ora
animbangi kewala kapir kang rawuh
wus samya ayun-ayunan
meh surup **pratanggapati**.
27. Dhedhep tan ana narajang
bala kuswa Islam kalawan kapir
prajurit Ngrujam winuwus
wong loro sami mangsah
kakang adhi luwih ber kuwanenipun
kalih tan kena ingampah
nulya angetap turanggi.
28. Pan sami angembat watang
amalipir marang barisan Mukmin
susumbar anguwuh-uwuh
wong Islam narajanga
dene ora ana mapagake pupuh
baya kebiren sadaya

endah apa bala santri.

29. Tan kaya prajurit Ngrujam
wani mati wasis olah turanggi
saksana hunclang kang lawung
sarya gumujeng latah
jer wong Mukmin iku padha kumprung pengung
gya wonten prajurit Islam
sawiji ngetap turanggi.
30. Pan sarya asikep pedhang
nander mamprung sareng celak gya angling
payo kembaran insun
aja kakeyan ujar
kapir ingkang sinungan sabda amuwus
nglarihi tinangkis pedhang
watang tugel dados kalih.
31. Rinuket nulya pinedhang
kapisanan tatas gulune eling
satunggalira anempuh
dangu asaliringan
padha ijen pedhang amungsuhan lawung
prajurit kapir gya numbak
tinangkis rentah kang ngiring.
32. Sinurung pinedhang sigar
kapir mati nempuh prajurit Mukmin
dhasar ber kuwanenipun
bungah ginunggung sura
tinadhahan ing kathah anuli lampus
kang baris anuli nunjang
krutug-kinrutug bedhil.
33. Kang yuda gagap-gagapan
gya sinungsun sanjata lanang muni
wong kapir Islam amawur,
pirang-pirang kang pejah

saya peteng kang yuda kasaput dalu
wus sapih kapir lan Islam
sami lumebet ing biting.

34. Bagendha Ambyah brematya
dene wadyanira akeh kang mati
pri tuwin sang Ngrujam prabu
langkung brematyanira
wadya alit dene kathah ingkang lampus
sadalu datan kawarna
enjinge tengara jurit.
35. Gya uluk-uluk anglir gelap
sinauran dening sanjata mukmin
wus samya umangsah pupuh
wong kapir lawan Islam
Prabu Ngrujam nindhihi prajuritipun
gelare sagara bena
pirang-pirang bala kapir.
36. Gregut angebeki papan
kang minangka parang turangga esthi
lumut bandera lalayu
rata minangka tambak
para raja sekawan harsa umagut
Raja Kosar Raja Biyal
kalawan Raja Mursidin.
37. Sekawane raja Simbar
tindhah Mukmin Amir Wiradimurti
sabalannya pra ratu
miwah sakabat sanga
Kangjeng Nabi maksih neng bitinganipun
pinambengan Amir Ambyah
tan suka miyos ajurit.
38. Mila tansah neng bitingan
saha bala nanging sami miranti

kawarna kang harsa pupuh
wong Islam majeng rampak
Sayid Amir nenggih gugununganipun
songsong jenar tunggulnaga
prathistha munggeng turanggi.

39. Wong kapir sareng mangrempak
kadya gerah swaraning kang ngajurit
bedhil kadya gunung rubuh
peteng kukus sundawa
awor lawan keyaking watang kang caruk
gumrah wong kang asusumbar
tan ana kang ngucap ajrih.
40. Surake mungsuh lan rowang
sindhung awor mimis kadi gurimis
pangriking kuda ambarung
rame campuhing yuda
wadya kapir keh pejah kang samya ngamuk
tinadhahan mring wong Islam
pating bacecer wong kapir.
41. Keh lumut astrane Kopar
wadya Islam keh kang numbak ngeneni
binendrong ing bedhil luput
balik prajurit Kopar
tanpa lumut singa kang tinumbak lampus
pinetar mriyem gelasah
lir pendah babadan pacing.
42. Mawur wadya bala Kopar
anglir gerah swaranira wong kanin
tan mangga puliha pupuh
lumayu mungkur menda
kang kacandhak tinigasan sirahipun
kadya gabah inginteran
agolong pamuking Mukmin.

43. Ngiwut ngamuk maring Kopar
saya geger kapir lumayu gendring
bubar ingkang para ratu
mantri punggawa mlajar
samyang ngungsi dhateng ing bitinganipun
pan saha atangkep lawang
mariyem pinasang nginggil.
44. Wong kapir samya melabar
mimisira tinumpuk kadi wukir
prajurit Islam buburu
anglut mring pambitingan
kang kacandhak tiyang kapir kathah lampus
binedhag lir buru ayam
kadi anumbak cicindhil.
45. Sareng celak pambitingan
wadya kapir angedrel saking nginggil
gumrudug mimis lir jawah
kedhik tatu wong Islam
pan anracak wong Islam teguh atimbul
kagutuk ing mimis kotal
tibeng tebih wangsul malih.
46. Mung kuda kang akeh pejah
ingkang jangga tugel kena ing mimis
wong Islam pambedhilipun
langkung denira sayah
maju-maju katulak mimis lir jawuh
mimise awarna-warna
sawat weneh gutuk api.
47. Weneh rante aranira
kang saweneh ingaran bolang-baling
Sayid Amir langkung bendu
ambanjelaken wadya
ingkang wadya nanging sanget sayahipun
campuh enjing ngantya awan

celak pambitingan kapir.

48. Bagendha Ambyah umangсах
sarwi ngetap Amir ingkang turanggi
sakabat tiga kang tumut
Umiyah Sahut lawan
Mungawiyah kalawan sira sang Fakur
kanem lan sawadyanira
Lamdahur lan Umarmadi.
49. Tanapi sang Raja Maktal
samyа ndherek neng kuda mlipir biting
wong kapir pambendrongipun
mimis rante tan angsal
pan satunggal wong kapir tan ana metu
hebat ningali Jeng Ambyah
asigit sura sinekti.
50. Jeng Amir ngasta kang panah
singa mungal kacundhuk kang jemparing
sangsaya kathah kang lampus
samyа aling-alingan
pambitingan jinemparing dhungkar lebur
kang bebeteng dhungkar bongkar
kapir kaplesat keh mati.
51. Wong kapir gugur ing manah
kirang kedhik bedhah kang punang biting
nulyа kasaput ing dalu
kondur Bagendha Ambyah
samyа daut wong Islam sadayanipun
sarawuhnya pasanggrahan
lajeng sowan mring Jeng Nabi.
52. Kalihnya jabatan asta
Kangjeng Nabi tanya solahing jurit
sadaya pan sampun katur
sasolah bawanira

Kangjeng Nabi kang paman nulya rinangkul
suka gunge pra sakabat
ningali Bagendha Amir.

53. Jeng Nabiyullah ngandika
yen marengi paman ing benjing-enjing
manira atumut pupuh
tanapi pra sakabat
sabab sampun tuwan mangsah kala wau
menggah pratikeling lampah
mangsa borong paman Amir.
54. Owel anganggur kewala
wong Madinah dene dereng jurit
kang paman umatur nuwun
kuneng ganti winarna
kyana Patih Baktiyar kang neng kadhatun
sapengerira Sri Lakat
akarya upaya sandi.
55. Sang retna putri ing Madyan
wus ginambar ing pasang semu mirip
wus sami ing warnanipun
ing kang kinarya pethak
tluki Jenar binusanan abra murub
tur agemira sang retna
duk kalane Sri Bupati.
56. Lerep aneng kadhatyan
nenggi ing kang kinarya busanani
miwah ageng alitipun
dedege sang kusuma
datan wawang wus sami lamun dinulu
pasang jaite kang netra
tanapi manising lathi.
57. Wus tan kalih lan Sang Retna
yekti kembar mukanira bisa ngling

dene asta kananipun
cinepengan nuwala
badhe katur dhateng Lakat Sang Aprabu •
kaya murca kinedhepna
kapranan sumbaga dhesti.

58. Kemunah Patih Baktiyar
dhasar wegig sarta panjurung eblis
linenggahaken amungguh
munggeng kursi kumala
linebetken ing joli tansah kinurung
lalangsene tundha sapta
sinusulken mring Sang Aji.
59. Wus lami denya neng marga
cinarita ing mangke sampun prapti
kang mbekta sampun winuruk
dhateng Patih Baktiyar
atas aneng ngarsanira sang lir santun
pun juru taman kang nama
dutane Baktiyar patih.

4. RAJA LAKAT KASMARAN DHATENG GOLEK TETIRONIPUN PUTRI MEDAYIN.

ASMARADANA

1. Kasmaran Sri Kusen nangkil
mring sagunging para raja
Bardanas neng ngarsa katong
Malikus Kabir lan Barak
samyapa aprenah kanan
wus sadinten Sang Aprabu
neng tarub agung sineba.
2. Anganti utusan prapti
kang saking Bandar narendra
sanjata kalangkung rame
dhasare ngerobi lawan
nenggih wau kang aprang
wit enjing nganti meh surup
denira abanda yuda.
3. Kasaru kang duta prapti
kang saking nagari Lakat
utusanira sang sinom
saryapa ambekta jempana
sumaos aneng ngarsa
Sri Kusen ing tyas kumenyut
kathah kagagas ing driya.
4. Ki juru matur wot sari
gusti ing lampah kawula
ingutus sang liring sinom
bektine rayi paduka
gusti katur ing tuwan
lawan kaping kalhipun
Sang Dyah ngaturi nawala.

5. Denira nyerat pribadi
gusti ing rayi paduka
katura dhateng Sang Katong
nanging srat wonten jempana
sampun mboten kang tengga
Sang Dyah susugun ing kalbu
wus kawrat ing dalem serat.
6. Ngandika Sri Narapati
gawok ing putri ing Madyan
dhasar nglengkara karsane
tan kacakra ing wardaya
lumuh yen binatang
mas mirah ratuning ayu
pupundhene dasih Lakat.
7. Ki juru taman nulya glis
miyak langsening jempana
kagyat sang nata duk anon
tri pandurat tan ngandika
ngengleng cengeng tumingal
anjog ing dhadhampar gupuh
nungkemi gambar kumala.
8. Tan mawi angesthi tulis
sumaput panoning nata
ing driya tambah rasane
pangungrume esmu waspa
sarwi angestu pada
apa karane masingsun
anusul mring pabarisan.
9. Sun esthi siyang myang ratri
gumarit teienging driya
amung sira naking angger
ing mengko wusana prapta
aparsa melu yuda
apa karsane wong ayu

ingsun tan ajrih palastra.

10. Tumekaa lara pati
pun kakang datan lenggana
tan grantes gusti dasihe
mirahingsun karsanira
janjine nyarwe sabda
dhuh ratu ratuning ayu
sun gawe jimat ing yuda.
11. Teka amendel tan angling
dangu datan nyarwe sabda
ratune wong ayu kabeh
apa kang dadya duduka
dasih sumanggeng karsa
tan darbe mangro martelu
kajaba namung bendara.
12. Nulya sagung ingkang nangkil
andhedhep datan sabawa
ngungun tyas solahé rajeng
anulya jeng Sri Narendra
nungkemi pindha warna
kang gambar ingemban gupuh
kagyat sagung kang tumingal.
13. Pinangku dening Sang Aji
lenggah ing kursi kencana
datan pegat panguswane
sang nata kunjana papa
sabarang kang den asta
ngaturken sarwi angungrum
pinindha-pindha sang retna.
14. Ana kang jiwit-jiniwit
kang saweneh ana ngucap
ika garwane sang katong
sang retna putri ing Madyan

ketara dedegira
pasemone gandhang ruruh
nauri kang sinung sabda.

15. Bener sira tur sayekti
ingsun tanpa nging warnanya
inguni ingsun waspaos
sarawuhe saka Madyan
pinondhong mring sang nata
kongas-kongas ing pasemun
luwes kewes ing tanaga.
16. Lan manis-manis ing lathi
lan liring-liringing tingal
sabarang barang kabehe
ya iku putri ing Madyan
saweneh ana ngucap
iku widadari tumrun
saweneh ujaring jalma.
17. Ya iku putrining ejim
kang saking nagri Jabalkap
warna-warna ujaring wong
saweneh jomblong tan ngucap
netra kumedhep tismak
kang aneng wurine ngungun
tan wus ucaping kang jalma.
18. Denya sewaka Sang Aji
pan nganti pukul sadasa
nenggih ing dalu wayahe
ki juru taman winarna
umatur ing sang nata
gusti kawula Sang Ayu
punika ngasta nawala.
19. Kagyat jeng Sri Narapati
gya nyandhak ingkang nuwala

wusana enget sang katong
binuka sinukmeng driya
sawuse nuksmeng surat
sang nata nulya mangrangkul
madyane kang pindha warna.

20. Tembunge kang punang tulis
punika serat kawula
prameswarine Sang Katong
kang ngrenggani jroning pura
angsal sih mring Sang Nata
putri Medayin sanging rum
mengku saliring kusuma.
21. Saha ingkang mangestuti
katur ing Raka Narendra
ngrenggani Lakat kedhaton
ingkang sakti mahambara
kasusreng rat buwana
pangeraning para ratu
kang baud limpad asmara.
22. Kang mumpuni ing sakalir
tur putus sasmitaning dyah
kang bisa karya wirangrong
wiyose serat kawula
sampun alama-lama
mangrusak tuwan mring Rasul
yan dereng ngantos punapa.
23. Amba selak brangta kingkin
oneng dhumateng paduka
gusti tan welas dasihe
dene ta sampun alama
anyethi dhateng tuwan
rahina wengi tan ketung
amung sih paduka nata.

24. Yen tuwan oneng mring mami
punika gambar kawula
karyanen nglipur tyas rajeng
prasasat badan kawula
nyenyethi mring paduka
sun tetedha Sang Prabu
sampun supe mring kawula.
25. Jalmaa ping pitu gusti
cethine datan sumedya
ngawula maring liyane
nanging gusti ginaliha
kang cethi pamintanya
brastha rasane kang tembung
Sang Nata kalangkung suka.
26. Kasaru kang duta prapti
dutane sang Raja Bandar
Sang Budaljenggi wastane
lawan Sang Ikulsujarak
miyat gunging kang seba
dheku ngarsane Sang Prabu
sigra matur awotsekar.
27. Pukulun ngutus pun dasih
bandara atur uninga
ing mangke wus perang rame
lawan mahraja Madinah
nanging agung kasoran
abdi tuwan kathah lampus
linud dhateng pambitingan.
28. Langkung sewu kang ngemasi
wong Islam metu sakawan
kang pejah madyeng palugon
punika rane Muhamad
dereng nglampahi piyambak
ngamungaken pamanipun

kang wasta Bagendha Ambyah.

29. Selak surup ingkang wengi
undure prajurit Islam
apanta digdaya kabeh
pun Bandar sumangga tuwan
benjing-enjing wong Islam
kinetog denira pupuh
Muhamad ngawaki yuda.
30. Katungkul Sri Narapati
dangu anungkemi serat
poyang-payingan ing tyase
serat winangsulaken enggal
mring astane kang gambar
kang gambar tansah sinugun
sinawang kinuswa-kuswa.
31. Patih Bardanas tur bekti
gusti pun Bandar kasoran
punika gusti dutane
Sri Kusen tansah anguswa
nguswa kang pindha warna
sang juru taman umatur
sarwi umatur ing ngarsa.
32. Pukulun atur upeksi
punika duta ing Bandar
tur wrin asor ing jurite
kagyat Sri Narendra Lakat
dangu dutaning Bandar
ing saniskara wus katur
sang nata langkung bramaty.

5. KANGJENG NABI NGEDALI PRANG

DURMA

1. Mundur kurdha sang nata miyarsa sabda
jaja brit kadya geni
idep mangada-ada
wor suh sabdanira bengis
para narendra
majeng ing ngarsa aji.
2. Gya parentah sang nata amagut aprang
gregut sagung kang nangkil
nulya luluwaran
yata warnanen enjang
nembang tengaraning jurit
saksana budhal
muntap prajurit kapir.
3. Bala kuswa dinulu awarna-warna
lir jalanidhi ngalih
panengran sanjata
jumegur lir gelap sasta
Bandar sanjata nambungi
nulya wong Islam
sanjata geng nauri.
4. Kawarnaa Jeng Rasul ingkang sineba
aglar sagunging mukmin
Jeng Nabi ngandika
dhateng kang paman Ambyah
kados pundi rehing jurit
prayoginira
tangkepe ing ngajurit.
5. Atanapi paman panggenan kawula
myang Ngumar Ngusman tuwin

Bubakar kang prenah
tanapi paman Ngabas
umatur Bagendha Amir
yen padukarsa
amba dhadhani jurit.

6. Sayid Ngumar dadosa pangawat kanan
Ngusman kang munggendu kering
tuwan dados badan
Bubakar sampun pisah
pun Ngabas ndhereka gusti
sami bektaa
sarerehanya nenggih.
7. Pra sakabat pra nata sami manuta
kepalanya pribadi
Jeng Nabi ngandika
amba datan lenggana
sakarsa tuwan lumiring
matur Jeng Ambyah
lan malihipun gusti.
8. Dene langkung ageng ingkang punang mengsah
pracihna mriyem muni
nggonira rong pangkat
kang celak kaping Ngrujam
kang tebih pun Lakat kaping
nanging pun Ngrujam
manahe sampun miris.
9. Kados boten saged oleh leting aprang
sinambi lan lumaris
inggih ugi bangkat
sanajan ta kathaha
wadya tuwan amung kedhik
kados yen tedhas
sinengkakaken tandhing.

10. Sampun putus denira apirembagan
sigra budhal Jeng Nabi
sabala sumahab
prajurit ambalabar
busananya warni-warni
lir gunung sekar
tunggul kakandha asri.
11. Cindrik rindhik gumebyar asta kumerap
gusti Jeng Nabi Murti
menggep aneng kuda
Samadik aranira
sinongsongan mega putih
sinareng wadya
sakabat pra narpati.
12. Amerapit panengran songsong markata
pambitingan kawingking
neng rahara blabar
sagunge bala kuswa
lir sagara tanpa tepi
ganti kocapa
Sri Nata Ngrujam kapid.
13. Samya mempen aneng sajroning bitingan
ngajenging biting sami
tinumpukan sela
weneh tumpukan wreksa
ngundhung-undhung kadya wukir
bala melatar
neng luhur balowarti.
14. Sampun celak pambitingan wadya Islam
wus samya ambeg pati
sedya sabilollah
wong kapid sigra mentar
mimise anggigirisi
matumpa-tumpa

swara lir gelap sakethi.

15. Tutumpukan wreksa lan tumpukan sela
pinetar sumyar ngungsir
nibani wong Islam
geger kathah kang pejah
kang urip mangrangsang wani
tan ngetang pejah
ing cipta aprang sabil.
16. Dadya sengkut tan ana kang ngucireng prang
amungsuh laknat kapir
rame nempuh rampak
kang urip apan arsa
amaju ngarsaning biting
maksa angrangsang
katulak dening mimis.
17. Lir ampuhan surake kapir lan Islam
wong kapir ngrutug bedhil
peteng ing paprangan
lebu bledug kasimpar
dening wong turangga **esthi**
dhedhet liranan
tedhuh tan ana angin.
18. Kawimbuan peteng mukswana kucika
cumlorot gutuk api
mesat ing ngawiyat
kang kinarya babalang
kadya awun-awun agni
wong Islam bubar
mundur tataning baris.
19. Pambedhile wong Islam tan ana angsal
mimis katulak biting
wong kapir gya surak
lir pendah langit rebah

barung lan tengara muni
gamelan ngakang
tan pegat ambedhili.

20. Cinarita karine amung sakawan
bitingira wong kapid
kang kinarya tambak
siti kandel tur wiyar
luhurnya sawidak kaki
plataranira
kebak mriyem ngideri.
21. Papadone lalampahan kalih ejam
punika apesagi
kewran wadya Islam
denira samya ngrangsang
warnanen Bagendha Amir
ngrapken turangga
sowan Jeng Nabi Murti.
22. Sarwi matur yen marengi karsa tuwan
yogi majeng pat gusti
umat wadya tuwan
ajenge mring bitingan
ngrebata wong aneng kori
tuwan wontena
keblat kilen Jeng Nabi.
23. Abubakar sampun pisah lawan tuwan
kori kang kidul gusti
tempuhna mring Ngumar
kang ler Ngusman lan Ngabas
kawula ingkang ngingeri
kori kang wetan
lan malhipun gusti.
24. Winalika kang lampaha jenging wadya
tuwan tindaka ngarsi

utawi pun Ngumar
Ngusman kalawan Ngabas
amba pan makaten ugi
wadya neng wuntat
tan pened wonten ngarsi.

25. Pinrih sami angsala supangat tuwan
gusti jimating dasih
yen tuwan raharja
abdi tumut kewala
mangsuli Jeng Nabimurti
nedha sumangga
sapangreh sun lampahi.
26. Gya sumambung sira sang Bagendha Ngabas
matur mring rayi Amir
tan suwawi amba
jeng nabi wonten ngarsa
dasih dados tanpa kardi
kang rayi nyentak
eh raka den lampahi.
27. Sampun dados rembagira Amir Ambyah
sampun majeng kang baris
wus samya atata
titindhah aneng ngarsa
wong kapir tansah mbedhili
Amir kocapa
kori wetan den nggoni.
28. Sareng mangsah ler kilen kidul wetan
wong kapir ambedhili
Jeng Nabi kawarna
kinrutug ing sanjata
mimis tiba kanan kering
lir pendah jawah
nanging datan ngeneni.

29. Datan kandheg Jeng Nabi denya umangsah
sarwi sikep jemparing
tikswara lumepas
sarta kanthi mujijat
panah pirang pirang kethi
angsal bitingan
bongkar jugrug kang biting.
30. Wadya kapir pinelak pametanira
mimis rante lan geni
mimis wesi abang
mimis long mimis sawat
gelasah ing kanan kering
miwah ing ngarsa
tan ana kang ngeneni.
31. Sigra musthi malih Kangjeng Nabiyullah
korining biting kenging
ing tikswara benchah
geger saguning Kopar
medal katulak jemparing
uleng-ulengan
wong kapir keh ngemasi.
32. Ngumar mangsah andharat sawadyanira
sikep dhendha ngajrihi
kori kang rinebat
kapir bendrong sanjata
mimisnya awarni-warni
tumibeng jaja
nanging datan nedhasi.
33. Mimis rante sumampir ana ing pundhak
gubel jaja mantesi
dangu tan binuwang
lir sekar gugubahan
dinulu langkung ngajrihi
langkung sudira

hebat sagunging kapir.

34. Mimisira gya sinalinan kancana
miwah salaka putih
suwasa kinarya
kumrutug tibeng jaja
gepeng tumemplek ing klambi
agebyar gebyar
sorot lir lintang ngalih.
35. Kang kinanthi prajurite wolung dasa
kalis timbul ing mimis
sikep bindi gada
wonten malih winarna
wonten prajurit sawiji
wadyaning raja
nonoman kaduk wani.
36. Pan kepengin ningali Bagendha Ngumar
saksana anuruti
rowangira ngucap
dene gumendhung sira
kepengin aboreh mimis
lir Sayid Ngumar
manawa tan kuwawi.
37. Gya sumahur dene tan Ngumar priyangga
prajurit kang kinanthi
kehe wolung dasa
pinetar tan karasa
atebleg gepeng kang mimis
bedane apa
iya kalawan mami.
38. Inggang menging angucap sayekti beda
lawan sira puniki
abdine Sri Ngumar
pan padha wong uligan

tur padha pratameng ngelmi
kaslireng suksma
tan nyipta yen jasmani.

39. Wetengira kang kantheng akadya kranjang
kang sinung sabda angling
lah mangsa bedaa
pan padha sipat jalma
kana uwong kene uwing
medhun sing kuda
lumayu anututi.
40. Sampun awor lawan prajurite Ngumar
mimis kaya gurimis
panah kelap-kelip
tinetepken tan kena
giris kabrebet ing mimis
tansah kumelap
pan arsa bali isin.
41. Wus untunge kena kang mimis sasawat
weteng tugel ngemasi
kocapa Sri Ngumar
sampun ngrangsang bitingan
ginada bencah kang kori
geger wong kopar
angebyuk sikep bindi.
42. Pirang-pirang ewu nadhahi Sri Ngumar
waos rangap apipit
lokira wong kopar
payo krutugen kencana
kumrut samya marseng bindi
weneh anumbak
Sayid Ngumar nadhahi.
43. Sayid Ngumar lan wadyanira sakawan
anusup ganjur lungit

ingebyukan kathah
kadya wong ngrampog macan
Ngumar gya anglut kan bindi
ngidak landheyan
pinidak gya binalik.

44. Sinawatken gadane Bagendha Ngumar
glasah bangkening kapir
wuri saya kathah
ngebyuk mepeti lawang
Ngusman lan Ngabas winarni
sing lor narajang
binendrong den bedhili.
45. Kalihira samya mangrapken turangga
Ngusman lir Sanghyang Tulis
kinrutug sanjata
nanging datan tumama
mimis tibeng kanan kering
sawadyanira
tan ana kenging mimis.
46. Siji loro kuda kang kenging sanjata
pedhot sami ngemasi
Ngusman saya celak
pinedhang kori bencah
geger wong kapir nadhahi
Ngusman lan Ngabas
nrajang kasangsang biring.
47. Kawarnaa wau Jeng Bagendha Ambyah
rawuh wetaning biting
saksana narajang
sawadya jajaranan
pinetaran dening kapir
mlesed kewala
sabala tan nedhasi.

48. Kang saweneh akeh tiba saking kuda
nanging tan miyatani
nunggang malih nrajang
nusul mring gustinira
Bagendha Ambyah wus prapti
ing pambitingan
kori dipun camethi.
49. Bencah bubrah wong kapir uleng-ulengan
nadhahi sikep biring
rinuncang kewala
wong kapir tutumpesan
remak tigas den camethi
Bagendha Ambyah
plaruk sajroning biting.
50. Sawadyanya lan sakabat para raja
wus samya malbeng biting
geger bala Kopar
lumayu bilulungan
nulya sang Bandar narpati
sigra umangсах
nitih swandana hesthi.
51. Sikep langkap panjang rong dhepa sabelah
kadya kuwung tininggil
gebyare lir kilat
parise waja gilap
gajahnya den kulambeni
ing kere waja
puput ngawe kang hesthi.
52. Tinopongan wesi pulasani gilap
gebyar-gebyar ngajrihi
nglambung saking kiwa
singa katrajang bubar
pangamukira Sang Aji
kadya raseksa

singa kaparag mati.

53. Sumbar-sumbar endi rupane si Ambyah
lah papagen mami
padha wong prawira
prajurit jayeng raga
payo tandhing padha siji
rangkepa sasra
nora ingsun oncati.
54. Sang Akasah nander sarwi sikep pedhang
patempuhira siring
Kasah gya pinedhang
kotal tibeng buntala
nanging kulitnya tan busik
males amedhang
angsal mukaning hesthi.
55. Pan katonggor ing wesi pedhangira crah
tinangkis mring Sang Aji
sang Kasah malumpat
Fakur nander narajang
pamedhangnya den tadhahi
ing paris waja
pedhang crah dados kalih.
56. Gya sinabet ing Bandar Fakur malumpat
Mungawiyah nadhahi
ngasta ganjur dharat
Sri Bandar linarihan
tuna dungkap tan dhatengi
gajah kang kena
nanging tan miyatani.
57. Waos putung pinedhang dening Sang Nata
Mungawiyah sayandik
sigra narik pedhang
Sang Nata gya ingancap

- tiba katulak tinangkis
sigra cinandhak
mring hesthi gya binanting.
58. Umarmadi umangсах nitih matengga
sarya asikep bindi
parise malela
Bandar anabet sigra
tinadhahan mring Marmadi
parisnya sigar
nulya den kaping kalih.
59. Umarmadi kabranan jajanya kena
gumebrug tibeng siti
nanging tan tumama
gya rinampa ing wadya
warnanen Bagendha Amir
sareng miyarsa
nanderaken turanggi.
60. Sareng celak Bagendha Ambyah pinedhang
jajanira kang keni
kotal saking kuda
Amir mbek tiwikrama
ginetak Bandar narpati
dipangga rebah
Sang Nata tibeng siti.
61. Amir jangkah cinamethi Raja Bandar
atangkis paris wesi
paris remuk nratas
kenging kepalanya crah
kapisanan anggulinting
surake wong Islam
mawur saguning kapir.
62. Raja Kopar lumayu anunjang-nunjang
sawadyanira gendring

raja Simbar misah
anitih kang turangga
sikep pedhang ngetap wajik
satus wadyanya
kang melu labuh pati.

63. Sareng celak ngarsane Bagendha Ambyah
ginetak wadya kapir
samyang anggelasah
kalenger tibeng lemah
raja Simbar amucicil
sigra tinigas
ya ta sagunging kapir.
64. Sakerine kang pejah anunjang-nunjang
nempuh medal sing biting
kidul tinadhahan
dening Bagendha Ngumar
ginada ngglasah kang mati
ewon aleksan
ing wuri nunjang sami.
65. Wadya kapir playune merem kewala
tinadhahan ing biring
nging meksa anunjang
wong mati anggelasah
lir pendah babadan pacing
saya keh pejah
nulak playuning kapir.
66. Mlajar ngilen wong sajroning pambitingan
Nabiyullah nadhahi
pinapag ing panah
wong mati pirang-pirang
tumpes ngarsa nunjang wuri
Bubakar mangsah
saha bala nadhahi.

67. Sikep ganjur saweneh asikep pedhang
tan susah mangangkahi
nadhahi kewala
weteng maju priyangga
lir wong ngatur-atur wanti
nulak anunjang
ngalor Ngusman nadhahi.
68. Sang Bagendha Ngabas lan sawadyanira
ngrampog angrutug bedhil
wong kapir nggalasah
mati lumayu nunjang
nulak malih ngungsi biting
wus tinangkeban
balane Bagendha Mir.
69. Leng-ulengan pating barengok wong Kopar
sasambat kaki nini
nedya ngungsi gesang
lumayu nunjang-nunjang
buwang tumbak pedhang bedhil
njruthul kewala
pan samya den tumbaki.
70. Kang saweneh ngaku arsa manjing Islam
supatane mangenting
nulya liniwatan
kapungkur gya lumajar
apan nulya binaledig
samya tinumbak
kaya numbak cicindhil.
71. Wantu Wiyar ing sajroning pambitingan
taksih wonten wong kapir
muwel neng pondhokan
samya pi-api pejah
wonten kang tinumbak siji
bubar sadaya

lumayu niba tangi.

72. Binaledig lumayu pinedhang taras
jinojoh akeh mati
pinistul palastra
tininggar kathah pejah
raja Bilal menek biting
anjog gya pejah
Raja Kopar winarni.
73. Mendhem ngluwang luhure ngrombong-ngombrongan
kawarna tiyang Mukmin
samya jajaranan
angusir mring wong Kopar
tan wruh lamun den ombrongi
sareng kapidak
kuda rubuh ngejlogi.
74. Jajanira Sri Kobar gya kapidara
gya den idak mring Mukmin
maksih kapidhara
dangu-dangu Sang Nata
nglilir napas kempis-kempis
nulya lumajar
tinutupan mring Mukmin.
75. Binrangkolang Raja Kobar nulya rebah
sinuduk wus ngemasi
Mursidin kocapa
menek aneng wit-witan
kinarya kasukan Mukmin
ngisor ngadhapan
tumbak rangah apipit.
76. Apan Sarwi sinurak dening wong kathah
Mursidin saya mencit
tansah pantiyungan
ana Mukmin tan sranta

binedhil Raja Mursidin
kepala benchah
tibeng siti gya lalis.

77. Wus rinayah ing sajroning pambitingan
warnanen Bagendha Mir
lan Bagendha Ngumar
Ngusman lan Sayid Ngabas
wus samya marek ing gusti
katur solahnya
denya ngrabaseng biting.

6. RAJA LAKAT NGEDALI PRANG

PANGKUR

1. Ing pungkur angling jeng duta
Paman Ambyah ing mangke kados pundi
lajeng lawan babaripun
ature ingkang paman
Gusti tanggél pun Lakat apan meh rawuh
leheng mapag ngadilaga
sampun ngantos den lurugi.
2. Kasaru pacalang prapta
tur uninga Raja Lakat meh prapti
nembang tengara gumuruh
budhal mapag ing yuda
datan ngantos tebih tindaknya Jeng Rasul
lan bitingira wong Islam
barise Lakat kaeksi.
3. Baris gameng lir samodra
wus rumanti sumedya ngantep jurit
wong kapir ing gelaripun
ingaran baya mangap
kang minangka sisihing baris winuwus
kang dados pangiridira
Sang Nata Tarbikul Kabir.
4. Lawan Raja Prastalbilan
pan ngirit sarerehannya sami
ing pangawat kananipun
Raja Kusturbardiyar
sakathahing satriya myang para ratu
dening pangawating kiwa
Raja Mundakur narpati.
5. Nindhihi sarerehannya

Prabu Lakat neng tengah denny baris
Patih Bardanas sang prabu
ngamsingi ngarsa nata
anindhihi prajurit tan kena ngetung
kadya sagara balabar
wiwit wadya bala kapir.

6. Kadya trunaning udaya
asri rangap busananya ngajrihi
lir gunung pawaka guntur
mriyem sinela-sela
bedhil sarat gengira salumbang-lumbang
sinungsun-sungsun neng ngarsa
tumpukan mimis menuhi.
7. Ngundhung-undhung kadya arga
pirang-pirang saradan obat mimis
Malikusbarak winuwus
lawan Malikuskar
baris pendhem aminger kalangkung samun
prangnya sedya ngalap-alap
mung mbekta wadya sakethi.
8. Aminger ngidul lampahnya
sedya gepuk mring Islam saking wuri
kawarna barisan agung
muni tengaranira
surak-surak swaranya lir gunung rubuh
wadya kapir sumbar-sumbar
sareng ajune ing jurit.
9. Wong kapir sareng mangrempak
wadya Islam panggah denny nadhahi
Islam kapir sami purun
long-linong ganti pejah
reg-binereg swaraning watang ting klepruk
mentase watang lan pedhang
tan ana kang ngeman pati.

10. Peteng kukusing sendhawa
ing paprangan peteng lir tengah wengi
mungsuh rowang kathah lampus
riwut kang samya yuda
swaranira wong kapir pating barekuh
nulya sapih kang ayuda
mundur kasaput ing wengi.
11. Wus mundur kapir lan Islam
anyelaki ing pambitingan lami
ya ta malih kang winuwus
Malikus Kabir Barak
anadhahi wong Islam kang sami mundur
sareng celak samya biyak
wong kapir ambendrong bedhil.
12. Mimise geni kinarya
ting celorot buburu mring wong Mukmin
wadya Islam bubar mawur
tan ana wonten mengsah
wewah kathah saking ing kuda kumrutug
gagaman kecer ing marga
wong kapir manrot bedhili.
13. Wong Islam anunjang-nunjang
ngungsi gusti bubrah tataning baris
senjata sarat pinagut
sinungsun tundha-tundha
swara anglir gelap sewu gumludhug
wong kapir laknat keh pejah
kabebarak angunduri.
14. Samarga amasang borang
kang kinarya pedhang tumbak lan keris
gagaman Islam kan kantong
punika kang pinasang
wadya Islam tan pegat pametaripun
kang nunjang kasangsang borang

wus sapih denya prang latri.

15. Sri Lakat wus masanggrahan
duk sineba dangu anganti-anti
Barak Kabir kalihipun
nata sumlang ing driya
nganti-anti prapteng bangun durung rawuh
wus pepak kang para nata
Patih Bardanas neng ngarsi.
16. Putra kalih nulya prapta
angaturaken solahireng jurit
langkung suka Sang Aprabu
myarsa aturing putra
kawarnaa enjing tengara prang pupuh
sanjata muni lir gelap
gumleger Mukmin nimbangi.
17. Wong kapir baris sumahab
ambelabar lir jalanidhi ngalih
Islam kapir purun-purun
sareng pambendrongira
caruk keris talempak sarta kang tulup
swarane pating garopyak
tan ana sedyana ngunduri.
18. Papati datan kaetang
sura-sura tan ana ngeman pati
swarane pating barekuh
samyantantaran watang
kang senjata sinuled sinungsun-sungsun
prajurit mati gelasah
satus ngarsa jejel wuri.
19. Wong Islam kedhik kang pejah
apan samyanta kotal kena ing mimis
petar-pinetar ting jlegur
asrang senjata lanang

dangu denya awas-awasan ting jlegur
ase kang samya ayuda
ambanjeng-banjeng kang baris.

20. Siji loro anerajang
mati remuk tugel kena ing mimis
mila andhedhep sadarum
pepetaran kewala
mimis muluk nibani barisan agung
singa katiban gelasah
mimis pecah ngamuk jalmi.
21. Jengkel manaha wong Kopar
wadya Mukmin lumayu denny jurit
wong kapir barisanipun
kadi segara bena
nenggih pitung dina alang ujuripun
kandele lakon sedina
tur kathah kang kantun biting.
22. Kang ngarsa aneng payudan
ing kang wuri saking kandel ing baris
bitingan sapalih tumut
neng jroning pabarisan
wadya Islam jejer wayang barisipun
jenereng meksa tan nyandhak
tar-pinetar genti ngisis.
23. Denya aprang wiwit enjang
prapteng lingsir tan anggop behdil muni
raja kapir siji magut
bekta wong tigang dasa
nitih kuda narajang sawadyanipun
sadaya asikep tinggar
nander arsa ngrangsang biting.
24. Pinetar tumpes gelasah
tatas pedhot turangga tugel mati

wangkening wong ngundhung-undhung
ya ta Malikusbarak
Maskuskabir narajang saking ing pungkur
geger mawut wadya Islam
bubar tambah kang den ungsi.

25. Wong kapir kang baris dhadha
angerutug mriyem wong Islam ngisis
prayitna Sang Jayengsatru
lan Ngumar sareng nrajang
saha bala wong kapir nadhahi purun
binabit gada gelasah
tumpes sinabet cumethi.
26. Malikus Barak anunjang
tinadhahan dhateng Bagendha Amir
kudanira sareng nempuh
rebah kudane Barak
cinumethi Barak tangkis pedhangipun
pedhang crah Barak malumpat
mangsah sang Malikus Kabir.
27. Sikep pedhang anerajang
sareng penthus pinedhang Bagendha Mir
tumibeng jaja pan murub
nyumethi Amir Ambyah
Maskuskabir sirah pecah nulya lampus
lumayu Malikus Barak
Bagendha Ngumar nututi.
28. Malikus Barak kacandhak
gya binanting kanteb luluh ngemasi
wadyanira sareng nempuh
ginetak mring Jeng Ambyah
kumarutug tiba kalenger sadarum
kumrubut prajurit Islam
wong kapir dipun tigasi.

29. Sumyur sakerining pejah
 ingkang perang dhadhah malih kawarni
 Amir saha bala nempuh
 myang Ngumar Ngusman Ngabas
 pra sakabat kawandasa sareng mamprung
 sikep biring gada pedhang
 sumyur barise wong kapir.
30. Ageger uleng-ulengan
 sampun saphi kasaput dening latri
 wus samya bubar amundur
 makuwon sowang-sowang
 kawarnaa nalendra Lakat sang prabu
 amepak kang para raja
 neng tarub agung ing latri.
31. Patih Bardanas ing ngarsa
 aglar aneng wijowan palowani
 sinambi dhahar lan nginum
 dangu angarsa-arsa
 dhateng putranira kalih Sang Aprabu
 kasar u pacalang prapta
 tur wrin yen putra ngemasi.
32. Sang Nata langkung bramatya
 gya parentah mangkat padha salatri
 budhal wanci lingsir dalu
 prajurit tutunjangan
 peteng dhedhet tan kaetung baris laju
 gumuruh swaraning bala
 pating caleruk kang keru.
33. Ginelak ing lampahira
 kuthetheran prajurit ingkang keru
 saput lemah praptanipun
 pambitingane Islam
 gumuruh surak gumuruh bedhil gumrudug
 wong kapir pating tarunjang

sumedya angrangsang biting.

34. Wong Mukmin samana metar
muni pisan wong kapir sewu mati
tumpes ngarsa wuri ngebyuk
tan ketang pringga baya
ngendelaken banda sura balanya gung
wong kapir sapirang-pirang
kadya gunung ladhu bedhil.
35. Saya dangu saya kathah
wadya kapir nusul dhateng ing gusti
Raja Lakat saya liwung
biting dangu tan bedhah
singa banjel katulak ing mimis ajur
enjing nganti tabuh rolas
wong Mukmin datan medali.
36. Gya mundur narendra Lakat
baris aglar ngepung bitinging Mukmin
pinrih medalana pupuh
miwah ngenesing manah
wus tinata wadya kapir ingkang ngepung
upami palwa satunggal
ngambang tengahing jaladri.
37. Palwa bitinging wong Islam
kang samodra upamane wong kapir
sayekti karoban mungsuh
ing isti ngarahira
sinurakan kewala sayekti lampus
den byuki bathang sayuta
sayekti sirna wong Mukmin.
38. Wus surup sanghyang raditya
samyatotor barisane wong kapir
ngantya tepung gelang kemptu
sinawang sing mandrawa

- lir sagara geni bra sinang dinulu
ngakasa nglela gumawang
mendhung mega abra keksi.
39. Petengan kadya rahina
sakalangkung ageng punang geni
kagila-gila dinulu
satengah mukmin ngucap
kirig-kirig pan sarwi maca tengawud
apan sarwi tata-tata
dahana anggigilani.
40. Ya ta Sri Narendra Lakat
wonten keblat wetan ingkang den nggoni
lan saguning para ratu
prajurit lan satriya
pan sadaya samya kalangenan nutug
gamelan munya angangkang
mariyem munya mawanti.
41. Ting jalegur lir glap sasra
pangagenge wau ingkang kinanthi
Tarbikus Kabir sang prabu
bandera gula klapa
ingkang baris keblat wetan prenahipun
ing kidul Kuštur Bardiyar
tri atus para narpati.
42. Inkang ler Sri Prastal Bihar
sakancane tri atus para aji
keblat kilen Sri Mundakur
ngirid raja tri Kopar
raja siji kedhik-kedhike kang wadu
tigang yuta kawan yuta
punika raja kang miskin.
43. Pra ratu sewu nagara
pakuwonnya gumuruh swaranya sri

kasukan nutug sadalu
balabar aprayitna
ting jalegur mariyem lir gunung rubuh
gamelan munya angraras
tambur kendhang amelingi.

44. Narendra Lakat ngandika
mring Bardanas priye rembugmu patih
ajroning bitinganipun
Mukmin ingobong pisan
dimen tumpes ja kongsi ngekehi laku
matur Ki Patih Bardanas
gusti pan kirang utami.
45. Kados dede wong prawira
gelar cidra kaping kalihnya gusti
yen ngantos kobong sadarum
sajroning pambitingan
bilih Mukmin anunjang pamedalipun
Gusti pan awrat sinangga
wantune wong tangkep lalis.
46. Tan angetang pringga baya
ngrisakaken dhateng pun dasih Gusti
kaping tiganipun dalu
manawi salang cahak
wowor sambu temah cawuk samya batur
punika kang dipun rebat
lepat-lepat nglilingsemi.
47. Luhung nadhahi kewala
pan sanadyan Mukmin tanpurun nijil
mangsa betaha Sang Prabu
aneng jro pambitingan
tamtu ngenes wusana samya anungkul
narendra Lakat ngandika
bener rembugira patih.
48. Jeng Nabimurti winarna

lagya gusthi lawan kang paman Amir
majeng lan unduring laku
kang paman aturira
yen marengi ing karsa paduka Rasul
Gusti kendela sadina
aprang lawan laknat kapir.

49. Ping kalihnya wadya Islam
dimen ngaso reh mentas kasok jurit
sedheng miranti sadarum
Nabiyullah ngandika
ing sakarsa paman manira piturut
umatur Bagendha Ngumar
dhateng Jeng Bagendha Amir.
50. Amba kaselak tan betah
lami-lami sinurak dening kapir
benjing enjing sami nempuh
yen bangkat dipun pisan
yen kawratan lah inggih suwawi mundur
sampun ngantos kenging ngrasan
den guguyu mring wong kapir.
51. Umat wadya bala Islam
yen winastan samya alit kang galih
dene tan nglawani pupuh
sumaur Amir Ambyah
amba isin perang nganggo majeng mundur
dene andadawa wirang
wus nempuh mawi ngunduri.
52. Luhung anungkula pisan
sampun tanggel jenenge wong ngaurip
Ngumar kendel tuntung nepsu
sumambung Abubakar
kalih pisan apan samya leresipun
sumambung Bagendha Ngusman

saęcane den lampahi.

53. Dene pabenan wong aprang
sayektine sae kang ngati-ati
Bagendha Ambyah amuwus
rembag wau punika
sasaene lampahan angkrekša wadu
ewa samanten yen dhasar
dados karsane Jeng Nabi.
54. Amba kinen narajanga
sapunika inggih kula lampahi
pan sanadyan tengah dalu
yekti amba narajang
dhateng kapir sarambut amba tan takut
lamun ingsun tan kuwasa
angaben kawula alit.
55. Jeng Nabiyullah ngandika
iya becik nganti rong dina malih
dasih sayah sedheng tuntum
nanging saosa gaman
bedhil beteng pegat anadhahi mungsuh
wus dadya kang punang rembag
cakut tandange wong Mukmin.

7. PRAJURIT LAKAT TETUMPESAN

DURMA

1. Gya rahina tan mundur petar-pinetar
mimise warni-warni
kedhik kang umangsah
biting sanjata Islam
kedhik ingkang anglawani
singa kang kena
kapir Islam keh mati.
2. Wiwit enjang ngantya saandhaping asar
tan pegat mriyem muni
wong kapir kang mangsah
maju-maju katulak
wus dhedhep atata baris
nanging tan pegat
mriyemnya anguluki.
3. Kawarnaa wonten sakabat sakawan
medal saking jro biting
anulya tetegar
mlipir barising Kopar
susumbar latah denya ngling
pa gene Kopar
tan wani nrajang biting.
4. Lah ta endi bebecike laknat Kopar
dangu dipun bedhili
nanging datan kena
eca tegar kewala
mimis tibeng kanan kering
timbreg gelasah
kang mbedhil muring-muring.
5. Nulya wonten wong kapir atur uninga

dhateng Sri Kustur aji
wonten tiyang Islam
sakawan anggalak
Kusturbardiyar aruntik
nulya umangсах
dharat tan kanthi dasih.

6. Dhasar gagah prakosa dedeg musarat
gero lir yaksa andik
sarya ngikal pedhang
catur sakabat mapag
sadaya majeng ing ngarsi
anginger samya
mring Kustur nganan kering.
7. Sarwi ngucap lah sapa aranmu Kopar
Kusturbardiyar angling
sun andeling Lakat
tan ana kaya ingwang
sun Kusturbardiyar aji
lah sira sapa
sakabat anauri.
8. Iya iki sahbat kang aran Ngubedah
iki kang aran Jedin
iki Abudarda
iki kang aran Sangat
angling sri kapir ambekis
padha mundura
Rasul mapaga mami.
9. Jedin numbak tinampan sampun karebat
pinutung dados kalih
Ngubedah gya numbak
tibeng jaja tan pasah
tinangkis dening Sang Aji
landheyan patah
Abudarda nglarihi.

0. Gya tinampen punang landheyan kasingsal
Sangat numbak sing wuri
nanging tan tumama
piningkalih ping tiga
rinebat landheyan keni
males binuntar
malesat tibeng tebih.

1. Gya lumayu sakabat sakawan pisan
surak sagunging kapir
sang Kustur gya nyelak
warnanen Sayid Ngumar
manglong-manglong luhur biting
saksana mulat
kapir mbek sura sekti.

Pinetaran ing Mukmin ngiyer kewala
sangsaya celak biting
mesem Sayid Ngumar
saksana inguncalan
mriyem saking lohur biting gengnya saetal
sinambi lan lumaris.

3. Balang mriyem sumiyut tibeng jajanya
kanteb Kustur narpati
andheprok neng kisma
tang sangsaya kurdha
mundur kasaput ing wengi
pra nata Kopar
andrawina salatri.

4. Sawancine dumadi asewagara
enjingira kawarni
kang baris atata
bedhil sarat neng ngarsa
mimis tumpukan lir wukir
sampun rong dina
wong Mukmin datan mijil.

5. Wadya Islam neng njero nembang tengara
sumreg swarane jalmi
krebeting kang wastra
lalayu lan bandera
wor gedebeking kuswa sri
umyang wurahan
pangriking turanggesthi.
16. Nulya mijil saking njroning pambitingan
mretiga wadya Mukmin
dadya tigang pantha
titindhah ler winarna
Ngumarkatab angajrihi
wetan tindhahnya
Ngusman Ngabas kinanthi.
17. Ingkang kidul senapati Sayid Ambyah
wus medal saking biting
sanjata geng ngarsa
sampung pininta-pinta
mimis pirang pirang giling
wadya gambira
baris jawining biting.
18. Anadhahi wong kapir nyumed senjata
gumludhug gigirisi
dangu tar-pinetar
wong kapir lawan Islam
katiban mimis keh mati
turangga liman
keh mati kena mimis.
19. Mriyem ageng sarat de wus akeh munya
surak lir krengeng langit
tengara sauran
kocapa Sayid Ngumar
wadya giniring sing wuri
sareng narajang

wong kapir anadhahi.

20. Bedhil sarat mati wus padha kaliwat
caruk gumrek myang keris
acaruk kang pedhang
weneh popor-poporan
gebag-ginebag ing tamsir
tekak-tinekak
jambak-jinambak genti.
21. Pating brekuh swarane wong kang kabranan
galasah punang mayit
temah sagara rah
papati tan ingetang
kapir geng saya kang prapti
safirang-pirang
kethen yutan ngebyuki.
22. Mundur-mundur jinejel Bagendha Ngumar
Ngusman Ngabas kawarni
kawratan denya prang
banjel-banjel katulak
mundur-mundur den ebyuki
sapa kapelak
wong Islam keh ngemasi.
23. Wadya kapir yen ngarsa pejah sayuta
sabara anungkebi
warnanen Jeng Ambyah
maju-maju katulak
dasihira akeh mati
tumpes wong Kopar
ngarsa wuri ngebyuki.
24. Satengahe paprangan sagara erah
migege-migege kang jurit
mayit ting kurambang
wong kapir saya kathah

piniyak Bagendha Amir
kewran ing manah
mundur kajejel kapir.

25. Raja Kusturbardiyar titindhihing prang
lan sagung para aji
satriya tri Kopar
majeng ngawaki yuda
sadaya tan ngeman pati
jejelken wadya
Amir kapepet biting.
26. Wadya Islam langkung kathah ingkang pejah
Risang Wiradimurti
ambeg tiwikrama
wadya kapir ginetak
kumrutug samya kapilis
gajah nggelasah
kuda pating gulinting.
27. Sapambedhil wadya kapir anggelasah
trengginas wadya Mukmin
pra samya anigas
gembung kapir galasah
anungkebi kanan kering
ngarsa myang wuntat
wong kapir gigilani.
28. Wanti-wanti Jeng Amir panggetakira
mring wadya bala kapir
samya kapidhara
pri tuwin wadya Islam
kalemper tumut galinting
Jeng Amir Ambyah
kewran denira jurit.
29. Raja Kusturbardiyar sigra umangsah
nrajang mring Bagendha Mir

dangu sisiringan
nander Bagendha Ambyah
Bardiyar dipun camethi
gya tinadhahan
paris remuk dadya tri.

30. Gya ginada Sang Amir nulya malumpat
kudanira gulinting
nanging datan pejah
Amir sigra narajang
katulak ing gada wesi
Amir ingancap
nulya surak wong kapir.
31. Sinarengan ing gada Ambyah katulak
wong kapir surak malih
Jeng Amir sru kewran
nenggih dennyarsa petak
sabab carub ingkang jurit
kapir lan Islam
watir kasrawo malih.
32. Para nata saya kathah ingkang prapta
Kusturbardiyar aji
tansah asusambar
lah payo Amir Ambyah
kuwalahen mungsuh mami
angur nututa
nora insun pateni.
33. Malah insun gaweya kang hulu balang
masthi yen sira mukti
jeng wong kudu kompra
ngawula raja nistha
kangelan tur sothal-sathil
mangsa wignyaa
ngingoni anak rabi.

34. Wadya surak anglir ingkang langit rebah
Amir kadya pinetik
saksana angancap
Kusturbardiyar tadhah
gada tinangkis cumethi
sareng wentusnya
murub lir pendah agni.
35. Amir Ambyah tansah katulak ing gada
kurdhanira tan sipi
malih anerajang
sang nata dipangganya
kang sirah dipun camethi
kuncrat polinya
malumpat Sri Bupati.
36. Pan andharat sira Sri Kusturbardiyar
ya ta Bagendha Amir
ambeg tiwikrama
sang nata gya ginetak
kantaka gumuling siti
gya tinututan
kang sirah den camethi.
37. Sirah remuk Kusturbardiyar palastra
surak prajurit Mukmin
ya ta para nata
sawadya gya umangsah
atadhah prajurit Mukmin
petar-pinetar
mundur kasaput latri.
38. Wadya kapir arsa ngrangsang pambitingan
anglut marang wong Mukmin
ametar sanjata
ya ta Bagendha Ambyah
sawadya wus tangkep biting
Ngumar myang Ngusman

Ambyah marek Jeng Nabi.

39. Keh mangu neng jawi biting wong Kopar
pinetar saking nginggil
wus mundur wong Kopar
kathah longe kang pejah
yata ing Lakat narpati
dalusineba
pepak kang para aji.
40. Wus ngundhangan bubar tepung pambitingan
ngumpul dadya sawiji
barisaneng wetan
ngubeng sri nateng Lakat
pepak kang para narpati
andher sumewa
sira Bardanas patih.
41. Matur nembah dhateng sri narendra Lakat
yen sembada Sang Aji
swawi mundur tuwan
dhateng ing pambitingan
angasokaken kang dasih
ping kalih wiyar
sarta nglremaken dhiri.
42. Abdi tuwan langkung sanget sayahira
ngriki sanget kasupit
sang nata tan arsa
mundur mring pambitingan
lah patih ngisin-isini
angur matiya
bareng lawan si Amir.
43. Lah Bardanas ing mengko sira mentara
marang bitinging Mukmin
sira anggawaa
wadya ing sawatara

si Amir tonjoken tulis
surat tinampan
matur sandika patih.

44. Sri Bardanas angucap marang tri raja
mangkat padha saiki
Mundakur myang Prastal
Bilar katiganira
sang nata sampun ngunduri
bitinging lama
ya ta Bardanas patih.
45. Sigra mangsah sira Ki Arya Bardnas
miwah narendra katri
kuda cecongklangan
ya ta wadya huliya
prayitna neng luhur biting
mriyem pinasang
sadaya den etengi.
46. Wadya Mukmin ningali luhur bitingan
ebat dulu mring kapid
nulya kagyat mulat
wonten kapid tetegar
kang surya wus nunggang ardi
celak bitingan
warnanira asigit.
47. Kang satunggal patihe raja Bardanas
prakosa ageng inggil
bregos kokop sira
tahu timbuling braja
pan sarwi asikep bindi
Raja Bardanas
gandhewa kang tininggil.
48. Sampun celak lawang kori pambitingan
gawok prajurit Mukmin

mring Patih Bardanas
apan dadya tontonan
wong papat tansah sisirig
sangsaya celak
Bardanas lawan biting.

49. Ya ta tuwuh mring Mukmin Raja Bardanas
aywa sikara mami
sun tan nedya aprang
nadyan sira metara
ingsun tan arsa nglawani
jahid wong Islam
dudu tandhingku jurit.
50. Iya ingsun kang aran Raja Bardanas
patih Lakat linuwih
sekti mahambara
Mukmin mangsuli sabda
sang Amir neng ngarsa Nabi
Bardanas latah
babu sira wong Mukmin.
51. Ladak temen si waton denira ngucap
deksura lawan jalmi
durung tau rasa
tan bisa mawang jalma
kang turangga cinamethi
ngentrag wiraga
sarwi musthi jemparing.
52. Ingkang nyenyep wau kinanthilan serat
lumepas jemparing
angling tampanana
ing luhur biting prapta
cinandhak mring wadya Mukmni
Patih Bardanas
lan worangira katri.

8. WONG AGUNG TAMPI SERAT PANANTANG

PANGKUR

1. Angungkurken pambitingan
sawadyanya wangsul marang ing biting
wadya Mukmin kang winuwus
pan arsa atur wikan
anyaosken nuwala mring gustinipun
Bagendha Ambyah pan lagya
aneng ngarsane Jeng Nabi.
2. Lagya anggusti gelar prang
wadua ingkang bekta serat wus prapti
sinaosken saking pungkur
tinampen mring Jeng Ambyah
Kangjeng Nabi kagyat aningali dangu
punika serat punapa
dene teka nyalawadi.
3. Umatur Bagendha Ambyah
dereng tanya dhateng kang bekta tulis
kang bekta dinangu gupuh
nulya matur wot sekar
wau wonten tiyang kapir ingkang rawuh
mlipir aneng pambitingan
sakawan nitih turanggi.
4. Nanging kang kalih wanodya
abusana kakung asikep biring
mung kakalih tlempakipun
satunggal sikep dhendha
sikep panah kang dadya pangiridipun
sarwi amusti gandhewa
atetegar turut biting.
5. Tinanya nenggih saurnya

wastanipun Raja Bardanas patih
ing Lakat papatihipun
tatanya dhateng tuwan
amba peksa yen lagya sowan Jeng Rasul
nunten amenthang gandhewa
tikswara kinanthen tulis.

6. Saluhuring beteng dhawah
suratipun inggih punika Gusti
Bardanas anunten wangsul
lawan sarowangira
lah punika kang wonten ngasta pukulun
serat piningaken sigra
Ngabas kinen maos tulis.
7. Penget iki layang ingwang
iya ingsun raja Bardanas patih
kang mangka babanthengipun
sekti tur sura matra
dadi patih tur misesa para ratu
pramugarining ngayuda
dene iki layang mami.
8. Tekaa mring sira Ambyah
ya Kelana Sultan Wiradimurti
dadekna kawruhannamu
marmane ingsun prapta
pan angantep marang sira Jayengsatru
lalanange amung sira
kang dadi ucaping jalmi.
9. Yektine kalangkung nistha
tan sembada lawan eloking jalmi
tanggung gawe maju mundur
kaya pekathik desa
cincing teles nora wani aprang labuh
padha dene ingkang karya
senapati mring si Amir.

10. Apa tan ana manungsa
wong mangkono kinarya senapati
lamun sira wani tanggung
mangsa sira nanggaha
amethuka ing yudane gustiningsun
anistha tan wruh ing duga
mungsuwuh pangeraning bumi.
11. Yen dhasar sira wani prang
aja tanggung nggoningsun anadhahi
wus titi ungeling tembung
nulya Bagendha Ambyah
sareng myarsa lir sinebit karnanipun
tansah ginigit kang waja
sarira angemu getih.
12. Gumeter ing astanira
napas sesek ngatirah tingal andik
Sayid Abubakar gupuh
mrepeki mring Jeng Ambyah
nulya matur ing Gusti Bagendha Rasul
Gusti kang sinerat punika
inggih tan yogi ginalih.
13. Gusti wus limrah ing mengsah
angungasken kuwanen ambek luwih
ngapesaken suraning mungsuwuh
pinrih ganas galihnya
temah kuwur ing tingkah amru nepsu
temah gampil pinaekan
kaburu panasing galih.
14. Mesem sarwi ngandika
sira Kangjeng Nabi Murtining bumi
paman leres aturipun
nenggih pun Abubakar
yen wong aprang kening ginasah ing mungsuwuh
sayekti entheng sinangga

kaburu panasing galih.

15. Marma kang sareh kewala
benjing-enjing pinagut ing ngajurit
duk myarsa sang Jayengsatru
datan mangsuli sabda
kang kacipta mung Bardanas Jayengsatru
nulya samya pupujiyan
kang swara gumuruh asri.
16. Gya lajeng taratap pisan
sawusira bakda gya kembul bukti
warata sagunging wadu
ingajak sareng dhahar
sawusira anggusthi tretibing ngelmu
sinambi anggusthi aprang
sapangkat-pangkating dasih.
17. Nulya sampun luluwaran
lingsir dalu samana ingkang wanci
Jeng Ambyah makuwon sampun
pri tuwin pra sakabat
sampun bubar masanggrahan sadarum
warnanen Bagendha Ambyah
tan suda panasing galih.
18. Kang salira gerah uyang
sigra dhawuh ngambili kang turanggi
minta kakapalan catur
kocapa Sayid Ngabas
sowan marang ing raka sang Jayengsatru
sapraptane palataran
wikan wong ngambil wajik.
19. Bagendha Ngabas tatanya
jaran apa iku den kakapani
lurah pakathik umatur
dhateng Bagendha Ngabas

titihane raka tuwan Jayengsatru
ngandika Bagendha Ngabas
dene teka den kambili.

20. Umatur kang sinung sabda
amba tan wrin karsane gusti Amir
warnanen sang Jayengsatru
ing kang ngrasuk busana
pra wasiyat sampun ingagem sadarum
jirih benting asing Jeng Adam
iket pinggang sing Nabi Sis.
21. Kang kaos kalawan mojah
nenggih saking **Kangjeng** Nabi Ibrahim
ing kang saking Nabi Dawud
kere wasiyating prang
baju silir Nabi Suleman kang asung
bau kiwa sing Nabiskak
jimat geal saking Edris.
22. Sampun rinasuk sadaya
andel kawat sampun sikep ing jurit
Bagendha Ngabas duk dulu
kang raka nitih kuda
gya mangrangkul ing suku sang Jayengsatru
kangmas dhateng pundi tuwan
Jeng Ambyah kendel tan anging.
23. Dhuh kangmas mugi engeta
Sayid Ngabas kalangkung ngasih-asih
tansah mangrepa neng ngayun
gendholi kudanira
sarya matur sampun kasereng ing bendu
karsa dhateng pundi kangmas
kang raka mangsuli anging.
24. Arsa nusul mring Bardanas
laknat kapir dene mamas ati

nora lega atiningsun
yen tan karaseng tangan
Ngabas matur wau ngandikane Rasul
punapa tan ginaliha
ambekos sang Jayengmurti.

25. Dyan nyamethi kudanira
para raja sakawan atut wuri
Lamdahur Maliyat Kustur
Kemar lan Raja Maktal
Mali Kustur rinebat turangganipun
dhumateng Bagendha Ngabas
wus samya nander nututi.
26. Prapteng kori pambitingan
wus winengan nander samargi-margi
Bagendha Ambyah wau rawuh
pasanggrahane Kopar
pakuwone wus sami pinanggih suwung
nander malih Sayid Ambyah
nglacak saloroge kapir.
27. Marengi peteng gagasan
Ngabas tansah nebut samargi-margi
umatur turut delangung
suwawi wangsul kangmas
tan prayogi petenge anjumput irung
kang raka mangsuli nyentak
sira baliya pribadi.
28. Saya andarung lampahnya
gagap lampahira samargi-margi
tumurun ing jurang trejung
raja Lamdahur tiba
nganti dangu pisah lawan kudanipun
sawuse kapanggih nyengklak
malih gya nander nuruti.

29. Tri wadya kecer ing marga
amung kari Ngabas kang tut wingking
Bagendha Amir gya ndulu
obor pating kalençar
pan punika wong kapid kang samya tatu
pra samya winot ing unta
saweneh winot ing sapi.
30. Gya nander Bagendha Ambyah
sampun prapta prenahe kang lumaris
Ngabas kinen tanya gupuh
pan pangrehe wong Kopar
gya tatanya wong apa ingkang lumaku
sumahur kang sinung sabda
amba wong Lakat nagari.
31. Ndherekaken kanca brana
myang rerepot ingkang kantun neng margi
atanapi sangu-sangu
miwah jisiming raja
ingkang sami kasambut ing prang duk wau
taken malih Sayid Ngabas
pira kancamu lumaris.
32. Mangsuli kang timakenan
kinten-kinten rong ewu winitawis
Bagendha Ngabas winuwus
ana ngendi Bardanas
amangsuli kawula pan boten weruh
mantuke raja Bardanas
sun watara sampun prapti.
33. Nenggih pambitinganira
sebab taksih siyang genya lumaris
gen amba mangkat wus dalu
mila kantun neng marga
nulya ana mantri satunggal amuwus
sapa iku kang tatanya
mring raja Bardanas patih.

34. Inkgang tinakon ngucap
datan wikan genya taken aniti
mantri kapir nulya muwus
apa iku wong Islam
Sayid Ambyah amangsuli iya ingsun
lurah prajurit Madinah
goleki Bardanas patih.
35. Sareng myarsa kapir giyak
mbendrong bedhil saweneh anglarihi
cinumethi bubar sumyar
kapir mati gelasah
weneh mati padha rowang saling sahut
pangamuke Amir Ambyah
tan ana baya kaesthi.
36. Nyumethi sapisan tatas
ing wong seket sawidak angemasi
Amir pangamuknya liwung
bathang kapir gelasah
obor pejah gunging wong pating bilulung
lumayu aberangkangan
sumyur sasisaning pati.
37. Rembatan samya tinilar
myang trabela miwah kang bekta kanin
sareng bubar kathah mawur
gebras saparan-paran
inggang nunggang jaran keh mati galuntung
umpetan awor babathang
pating salembur wong kanin.
38. Warnanen wus waktu fajar
Ngabas matur dhateng kang raka aglis
dhuh kangmas suwawi kondur
manawi kasiyangan

bilih angsal sisikune Kangjeng Rasul
gya kondur Bagendha Ambyah
Bagendha Ngabas tut wuri.

39. Lamdahur Kemar lan Maktal
wus kapethuk lajeng andherek gusti
sasanderan ing delanggun
wus prapta pambitingan
wanci surya sumirat anuli wektu
Amir lan kang rayi Ngabas
sawusing bakda ngabekti.
40. Kondur mring pakuwonira
Sayid Ngabas lajeng anata dasih
wadya Madinah sadarum
samyang ngambili kuda
byar rahina tengara umyung gumuruh
sumreg kang anata lampah
ngenting kasuraning Mukmin.

9. WADYA ARAB CAMPUH KALIYAN WADYA LAKAT

DURMA

1. Datan mundur budhal wadya ing Madinah
lampahe golong pipit
gya tengran sanjata
pracihna mangkat yuda
swara lir gelap sakethi
prajurit Lakat
jumegur animbangi.
2. Henengena kang budhal saking bitingan
raja Lakat winarni
sampun masanggrahan
pambitingannya lama
sapatigan wadya kapir
dherek sang nata
kang kalih numbak baris.
3. Ambalabar aneng sakiduling arga
lir jalanidhi kalih
senapatining prang
nenggih raja Bardanas
pangagenging pra narpati
sang Prastalbilar
miwah Tarbikuskabir.
4. Myang Mandakur dene ingkang para raja
kang samya pacak baris
sangangatus miwah
seket gangsal pra raja
satriya punggawa mantri
tanpa wilangan
pirang-pirang wong kapir.
5. Amretiga pambajenge kang barisan

saduman wadya kapid
baris keblat wetan
kapid kidul saduman
ngaler ajenging kang baris
ing kang saduman
baris sukuning ardi.

6. Prewata Kut ngidul barise barisan
supitan kanan kering
nyamar tan katara
tutunggul rinacutan
tampinganira kang baris
sanjata sarat
mimis tumpuking wukir.
7. Baris wetan anglela abra asinang
tinon lir sagara gni
tutunggulnya raras
dinulu langkung pelag
kasrang ing angin kumitir
raja Bardanas
baris wetan den nggoni.
8. Lawan raja Tarbikus kabir neng wetan
kang ler Mundakur aji
kidul Prastal bilar
gumruh kang baris wetan
tengara mawanti-wanti
gamelan ngang kang
kocapa baris Mukmin.
9. Wus katingal kang dadya cucuking lampah
Mungawiyah pangirid
pangawak kang kanan
Bagendha Ngumar Katab
kering Ngusman Ngabas dening
sayid Bubakar

ngampingi Kangjeng Nabi.

10. Amir Ambyah sawadya angalap-alap
amisah lawan baris
ngracut panengeran
nira kapraboning prang
akanthi wadya pinilih
sewu jaranan
busananira asri.
11. Tindakira sira Jeng Nabi Mustapa
sinongsong mega putih
thathit lidhah lumrang
gebyar-gebyar ing tawang
pratistha nitih turanggi
pun Abulkarba
merang pratangga pati.
12. Amarapit panengran songsong makabat
kinare gunging dasih
miwah pra sakabat
kang ndherek Jeng Panutan
kalih dasa amerapit
tansah prayitna
sadaya ambek pati.
13. Cinarita sakabate Nabiyullah
kawandasa pan sami
putraning narendra
sadaya darbe praja
darbe rerehan narpati
tur sura-sura
yuwana lamun jurit.
14. Pucuking prang wus samya nembang tengara
surak lir karneng langit
wus campuh kang yuda
arame long-linongan

mimisnya kadi gurimis
kukus sendawa
peteng lir tengah wengi.

15. Agagapan kang yuda gebang-ginebang
kumropyak watang gathik
gya gada-ginada
weneh pedhang-pinedhang
grebeg-ginrebeg ing tamsir
Mukmin lan Kopar
tan ana kang gumingsir.
16. Ting barekuk swarane wadya kabranan
bangke sungsun matindhil
myang bangkening liman
kuda agugunungan
paprangan sagara getih
carub lan kisma
kasrang bentering rawi.
17. Temah dadya segarandhut ararawan
migege-migege kang jurit
tan bisa mundura
kang wuri anerajang
tan ana kang ngeman pati
samyasudira
wong Islam lawan kapir.
18. Sanjata geng swarane lir gelap ngampar
kang maju-maju mati
kang kuda galasah
katiban mimis sawat
tan ana nedya gumingsir
kapir lan Islam
pra samya ambeg pati.
19. Tumpes ngarsa ing wuri jejel narajang
pangguh prajurit Mukmin

supit ler kawarna
Mundakur neseg wadya
pethik kilen nyabet aglis
kidul kocapa
Prastalbilar nungkebi.

20. Tepung gelang kemptu pangepunging Kopar
surak sarwi bedhili
kang prajurit Islam
mirut ngaler tinunjang
mundur pinetar sing wuri
tan bisa celak
wong Islam keh kang mati.
21. Ngumar mangsah katulak ing mimis kathah
kinarutug ing kapid
wuri ngesuk mangsah
tan ana ngeman pejah
Ngumar pangamuke ngungkih
meksa katulak
kajeblos-jeblos mimis.
22. Andelira wong wolung dasa narajang
tan bisa angundili
sagung wireng lawan
kasangsang ganjur rangap
pra sakabat wuru getih
kuthah ludira
wong kapid ora osik.
23. Prastalbilar sing kidul nulya narajang
tandange gigrisi
nglela Sayid Ngumar
saksana tinarajang
Sri Bilar anitih esthi
asikep dhendha
Sayid Ngumar nadhahi.

24. Sareng tempuh Sri Prastalbilar ginada
remuk gajahnya mati
Sri Bilar malumpat
sarwi angikal dhendha
Ngumar pinupuh kabanting
tangi narajang
ginada Bilar aji.
25. Gya malumpat Prastalbilar datan kena
gadanya Ngumar Sayid
tumibeng bantala
dhungkar bumi prakempa
Sri Bilar ginada malih
kebat malumpat
dhungkar kang punang bumi.
26. Prastalbilar gya mundur anitih kuda
nglilimpe saking wuri
wastu Sayid Ngumar
bingung kakehan lawan
tinrajang mring Bilar aji
rinejah kuda
pinupuh kanteb siti.
27. Tangi sigra tinubles ing gadanira
Ngumar kanteb siti
sangsaya brematya
Ngumar runtuh gadanya
rinasuk Sang Bilar aji
kuda cinandhak
ngumbulaken lir peksi.
28. Tekan ingkang nunggangi Sri Prastalbilar
sumiyud kados mimis
dhawahira pisah
kuda jur tiba lemah
Prastalbilar tiba lalis
pinupuh dhendha

ajur kalawan siti.

29. Nulya wonten raja sakawan narajang
sami anitih esthi
asikep nenggala
satunggal sikep dhendha
sikep barga kang sawiji
sawiji pedhang
Ngumar dipun kembuli.
30. Binabit ing gada gajah samya remak
kang nunggang tibeng siti
gya tinimblis pisan
samya remuk wor lemah
wong kapir samya ngunduri
tan bisa benggang
jejel prajurit Mukmin.
31. Mundakur narajang nitih turangga
asikep gada wesi
wawrat sewu katya
sarwi ngerekken bala
angidak saguning kapir
majeng angrempak
wong Islam kocar-kacir.
32. Ngusman Ngabas nadhahi samya katulak
sanjata sarat mati
prang ngutug kewala
Ngusman jinejel Kopar
umangsah angelar baris
nitih turangga
asikep ganjur lungit.
33. Wadya kapir tinumbakan anggalasah
binuntar akeh mati
wuri saya kathah
kapir awendran baran

Mundakur sareng ningali
mring Sayid Ngusman
nglalanang ling jurit.

34. Miyak bala Ngusman nulya tinarajang
tempuh kuda lan esthi
Ngusman nulya numbak
sang nata tangkis gada
kasingsal rentah kang biring
Ngusman trangginas
sinanderken kang wajik.
35. Sri Mundakur ambledig mring Sayid Ngusman
Ngusman nander lir thathit
neng kuda anglayang
mendhet ganjur kang rentah
mangsah Mundakur nadhahi
Ngusman anumbak
tinampel paris wesi.
36. Waos tugel nglarihi malih Jeng Ngusman
waosira katampin
Sri Mundakur raja
sinendhal sampun kena
pinutung dados kalih
gya narik pedhang
Ngusman kalangkung runtik.
37. Sisiwingan turangga kalawan liman
dangu mangangkah sami
wong kapir gya surak
Ngabas gya anarajang
turangga tempuh lan esthi
Ngabas amedhang
katulak gada aji.
38. Wus den inger kudane Bagendha Ngabas
nander umangsah malih

Mundakur anggada
kena turangga remak
Ngabas mlumpat tibeng siti
Ngusman narajang
amedhang saking wuri.

39. Sri Mundakur kontal tiba sing matengga
